**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ HÁM ORTA ARNAWLÍ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**ÁJINIYAZ ATINDAǴÍ NÓKIS MÁMLEKETLIK PEDAGOGIKALÍQ INSTITUTÍ**

**Filologiya fakulteti**

**Qaraqalpaq tilı kafedrası**

**5111300 – Ana tilı hám ádebiyatı (Qaraqalpaq tilı hám ádebiyatı) baǵdarı**

**4b-kurs talabası**

**Salieva Elmiranıń**

# PITKERIW QÁNIGELIK JUMÍSÍ

**TEMA:** Qaraqalpaq tilindegi kelbetlik hám kelbetlik feyillerdi oqıtıw

| | | |
|---|---|---|
| Talaba: | ___________ | E.Salieva |
| Ilimiy basshı: | ___________ | f.i.k.B.Yusupova |
| Kafedra baslıǵı: | ___________ | f.i.k. E.Allanazarov |

Kafedranıń 2019-jıl 28-maydaǵı májilis qararı menen qorǵawǵa ruxsat berildı.(12-sanlı protokol)

**Nókis - 2019**

Salieva Elmiranıń « Qaraqalpaq tilindegı kelbetlik hám kelbetlik feyillerdı oqıtıw » temasındaǵı pitkeriw qánigelik jumısına mámleketlik attestaciya komissiyası qararı menen «___» ball qoyıldı

« ____ » _________ 2019-jıl

MAK xatkeri:

**Joba:**

Kirisiw
Kelbetlik hám kelbetlik feyil haqqında túsinik
Qaraqalpaq til biliminde kelbetlik hám kelbetlik feyillerdiń izertleniwi
Pitkeriw qánigelik jumısınıń maqsetı hám wazıypaları

I Bap Qaraqalpaq tilindegi kelbetlikti oqıtıw

1.1. Kelbetliktiń jasalıwın oqıtıw

1.2. Qospa kelbetliklerdi oqıtıw

1.3. Kelbetliktiń dárejelerin oqıtıw

1.4. Kelbetliktiń sintaksislik xızmetlerin oqıtıw

II Bap Kelbetlik feyil hám onı oqıtıw

2.1.Kelbetlik feyil hám onıń tiykargı ózgeshelikler

\ 2.2. Kelbetlik feyil hám onıń formaların oqıtıw

Juwmaq

Paydalanılǵan ádebiyatlar

## Kirisiw

Qaraqalpaq tili házirgi dáwirde óziniń seslik dúzilisi, leksika-frazeologiyalıq ózgeshelikleri, morfologiyalıq qurılısı, sintaksislik ayrıqshalıqları hám stillik sisteması menen milliy til sıpatında túrkiy tiller arasında belgili orın iyeleydi.

Qaraqalpaq tiliniń grammatikası sintaksis hám morfologiya sıyaqlı úlken eki tarawdan turadı. Qaraqalpaq tiliniń morfologiyası tildiń grammatikalıq qurılısınıń eń úlken bólimı sıpatında sóz hám sóz formaların, sózlerdiń sóz shaqaplarına bóliniwin, sóz shaqaplarınıń morfologiyalıq kategoriyaların úyrenedi.

Sóz shaqapları degenimiz sózlerdiń leksika-grammatikalıq toparları bolıp esaplanadı. Tilde bul toparlar bir-birinen bildiriletuǵın mánileri, hár birine tán bolǵan morfologiyalıq belgileri, grammatikalıq kategoriyaları, forma jasaw hám sóz jasaw tipleri, gáptegi atqaratuǵın sintaksislik xızmetlerı jaǵınan ajıralıp turadı.

Tilde sózler sóz shaqaplarına bólingende belgilı bir principlerge tiykarlanadı. Bunda, tiykarınan, úsh princip basshılıqqa alınadı. Olar semantikalıq, morfologiyalıq hám sintaksislik principler bolıp esaplanadı.

Sózdiń semantikalıq mánisi degenimiz, bul hár bir sózdiń tek ǵana ańlatatuǵın jeke leksikalıq mánisı bolıp qalmastan, sol belgilı bir kategoriyadaǵı sózlerdiń bárine de ortaq bolǵan kategoriyalıq mánisı bolıp esaplanadı. Kelbetliktiń kategoriyalıq mánisı zattıń, nárseniń belgisin ańlatıwı boladı.

Demek, belgı (sapa) mánisı− kelbetliktiń tiykarǵı kategoriyalıq mánisi. Solay etip, semantikalıq pirincip degende zattıń ulıwma kategoriyalıq belgı mánisı túsiniledi. Usı belgi (sapa) mánisin bildiretuǵın sózler kelbetlik bolıp esaplanadı.

Morfologiyalıq princip arqalı sózdiń sırtqı morfologiyalıq forması, onıń sóz jasaw hám forma jasaw modelleri, sóz ózgeriw sisteması yamasa basqasha qılıp aytqanda, belgilı bir sóz shaqabına kiretuǵın sózdiń morfologiyalıq ózgeshelikleri túsinedi. Morfologiyalıq princip boyınsha kelbetliktiń dáreje kategoriyasına iye bolıwı, óziniń arnawlı sóz jasawshı qosımtalarınıń bar ekenligi, túsiniledi.

Sózlerdi sóz shaqaplarına toparlastırıwda onıń belgilı bir sintaksislik ózgeshelikleri yamasa olardıń basqa sózler  menen dizbeklesiw uqıplılıǵı, belgili bir gáp aǵzasınıń xızmetin atqarıwı túsiniledi. Sintaksislik princip boyınsha kelbetlik sóz dizbekleriniń quramında keledi,  sóz dizbeginiń bas komponentide, baǵındırıwshı komponentı de boladı, gáp aǵzalarınıń xızmetlerin atqaradı. Kóbinese, anıqlawısh, pısıqlawısh xızmetinde, substantivleskende baslawısh, tolıqlawısh hám basqa da aǵzalardıń xızmetlerinde keliwı túsiniledi.

**Kelbetlik hám kelbetlik feyil haqqında túsinik.** Qaraqalpaq tilindegi mánilı sóz shaqaplarınıń biri kelbetlik bolıp esaplanadı.O**l** zatlardıń sının, sıpatın, qásiyetin, kólemin, salmag’ın, túr-túsin t.b. belgilerin bildiretug’ın sóz shaqabı bolıp tabıladı. Kelbetlik qanday? qaysı? sorawlarına juwap berip keledi.

Qaraqalpaq tilindegi kelbetlik leksika-grammatikalıq ózgeshelikleri menen ajıralıp turadı. Ol morfologiyalıq sıpatı jag’ınan  sóz ózgertiwshı affiksler menen ózgermeytuǵın sóz shaqaplarınıń toparına kiredi.

Kelbetlik sintaksislik xızmetlerı menen de ózgeshelenip turadı.Ol ózı anıqlaytug’ın atlıq sózler menen jupkerlesiw usılında baylanısadı hám jupkerlesiwshı anıqlawısh xızmetin atqaradı. Mısalı: kók aspan, qızıl gúl, keń dala, biyik jay hám t.b.

Atawısh sóz shaqaplarınıń biri bolǵan kelbetlik dáreje kategoriyasına iye.

Sonday-aq, kelbetliktiń basqa sóz shaqaplarınan tiykarǵı ayırmashılıqlarınıń birı onıń intensiv formalarǵa iye bolıp keliwi esaplanadı. Mısalı: kip-kishkene, sap-sarı, bip-biyik, tap-taza hám t.b.

Qaraqalpaq tilinde feyildiń atributivlik-anıqlawıshlıq formalarına kelbetlik feyil kiredi. Kelbetlik feyil feyildiń bet bildirmeytuǵın formalarınıń biri bolıp esaplanadı. Kelbetlik feyiller qaraqalpaq tilindegi funkcional` feyiller sistemasında ózine tán leksika-grammatkalıq ózgeshelikleri menen ajıralıp turadı.

**Qaraqalpaq til biliminde kelbetlik hám kelbetlik feyildiń izertleniwi.** Qaraqalpaq til biliminde morfologiya tarawına qatnaslı bir qansha máseleler izertlengen bolsa da, kelbetlikler házirge shekem arnawlı izertlew obyektı bolmay kiyatırǵan máselelerdiń biri bolıp esaplanadı. Degen menen, olar bir tutas túrinde alıp izertlenbegen bolsa da, kelbetliklerdiń ayırım tárepleri óz aldına sóz etilip, tallaw jasalǵan miynetler bar.

Izertlewshiler kelbetliktiń substantivlesiwi, jasalıwı, dárejeleri hám t.b. ózgeshelikleri boyınsha pikir bildiredi, onıń kórkem-súwretlewshilik xızmetlerin joqarı bahalaydı. Kelbetliktiń stilistikası qaraqalpaq til biliminde arnawlı izertlenbegen máselelerdiń biri. Kelbetliktiń kórkem shıǵarmada súwretlew quralı sıpatındaǵı xızmetleri, kelbetlik jasawshı qosımtalar hám dáreje formalarınıń sinonimiyası A.Bekbergenov tárepinen sóz etildi. Ilimpaz kelbetliktiń kórkem ádebiyat stilindegı xızmetin bılay kórsetedi: «Kelbetlik zattıń sapasın, qásiyetin, kólemin, kelbetin t.b. belgilerin bildiretuǵın bolǵanlıqtan, tildegi kórkemlew quralları (epitet, teńew hám t.b.) sıpatında úlken rol atqaradı»[1].

Sóz shaqaplarınıń ishinde kelbetlik sózler poeziyalıq shıǵarmalardıń tilinde troplar xızmetinde ónimli jumsaladı. Obrazlılıq múmkinshilikleri, kórkem súwretlewshilik imkaniyatları menen belgili. Sonlıqtan, E.Berdimuratov: «Kelbetlik sózler troplar dóretiwge beyim, logikalıq mazmunǵa túrlishe qosımsha mánilik boyaw beredi. Sonlıqtan, olar tildegi kórkemlew quralları xızmetinde kóbirek jumsaladı»[2] dep kórsetedi.

Kelbetliktiń substantivlesiw jaǵdayları, substantivlesken kelbetliklerdiń sóz jasaw tipleri hám olardıń sóz jasaw dárejeleri A.Aymurzaeva tárepinen izertlendi.[3]

Qospa kelbetlikler − sostavlı, jup, birikken, tákirar kelbetlikler A.Bekbergenovtıń miynetinde sóz etildi.[4]

---

[1] Бекбергенов А. Қарақалпақ тилиниң стилистикасы. Нөкис, 1990, 2-б.
[2] Бердимуратов Е., Даўлетов А. Қарақалпақ тили. 10-11-класслар ушын сабақлық. Нөкис, 113-б.
[3] Аймурзаева Ә. Қарақалпақ тилиндеги келбетлик ҳәм келбет фейиллердиң субстантивлесиўи. Нөкис, «Билим», 1992, 18-29-бетлер.

Joqarı oqıw orınlarına arnalǵan miynetlerde kelbetlikler, olardıń mánilik túrleri, jasalıwı, dárejeleri, sintaksislik xızmetlerı sóz etildi.[5]

Kelbetlikler I.Yusupov shıǵarmaları tilinde dórendi atawıshlardıń birı sıpatında G.Mámbetnazarova tárepinen úyrenildi.[6]

B.Yusupova I.Yusupov shıǵarmaları tilinde kelbetliklerdiń stillik qollanılıw ózgesheliklerin izertledi, kandidatlıq jumısın jaqladı hám onıń materialların baspadan shıǵardı.[7]

Kelbetlik feyiller de bir qansha jumıslarda izertlendi.[8] D.S.Nasırov tárepinen arnawlı izertlendi.[9]

Demek, kelbetlik hám oǵan tán ózgeshelikler usı miynetlerde hám basqa da ayırım maqalalarda sóz etildi. Kelbetlik sózler ele de arnawlı izertleniliwı zárúr.

**Pitkeriw qánigelik jumısınıń maqseti hám wazıypaları.** Biziń pitkeriw qánigelik jumısımızdıń tiykarǵı maqsetı qaraqalpaq tilindegi sóz shaqaplarınıń óz-ara bir-birine uqsas bolg'an kelbetlik hám kelbetlik feyillerge tallaw jasaw arqalı olardı oqıtıw usılların kórsetiwden ibarat. Bunıń ushın biz tómendegi máselelerdi jumıstıń aldında turǵan wazıypalar sıpatında belgiledik:

− kelbetliktiń leksika-grammatikalıq túrlerin, kelbetliktiń dárejelerin, kelbetliktiń jasalıwın, kelbetliktiń sintaksislik xızmetlerin dástúriy hám jańa

---

4 Бекбергенов А. Қарақалпақ тилинде сөзлердиң жасалыўы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1979.

5 Ҳәзирги қарақалпақ тили. Морфология. Нөкис,1974.; Ҳәзирги қарақалпақ тили. Морфология. Нөкис,1981.; Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң грамматикасы. Сөз жасалыў ҳәм морфология. Нөкис, 1994.; Dáwletov A., Dáwletov M., Qudaybergenov M. Házirgıqaraqalpaq ádebiy tili. Morfemika. Morfonologiya. Sóz jasalıw. Morfologiya. JOO ushın sabaqlıq. Nókis, 2010.

6 Мәмбетназарова Г. І.Юсупов қосықларында дөренди атаўышлардың стильлик қолланылыўы. Нөкис, 1994.

7 Юсупова Б. І.Юсупов шығармаларі тилинде келбетликтиң стильлик хызметлери. Ташкент, «Тафаккур қаноти», 2014.

8 Ҳәзирги қарақалпақ тили. Морфология. Нөкис,1974., Ҳәзирги қарақалпақ тили. Морфология. Нөкис,1981.,Ҳәзирги қарақалпақ тили. Синтаксис, Нөкис, 1995.Дәўлетов М. Ҳәзирги қарақалпақ тилинде фейилдиң функциональ формаларының системасы. Нөкис, «Қарақалпақстан» баспасы, 1990.Dáwletov A., Dáwletov M., Qudaybergenov M. Házirgı qaraqalpaq ádebiy tili. Morfemika. Morfonologiya. Sóz jasalıw. Morfologiya. JOO ushın sabaqlıq. Nókis, 2010.

9 Насыров Д.С.Қарақалпақ тилинде келбетлик фейил. 1964.

usıllar tiykarında oqıtıw, kelbetliktiń jańa pedtexnologiya usılları tiykarında oqıtıw usılların anıqlaw hám tallaw jasaw;

– kelbetlik feyildiń ótken máhál hám keler máhal formalarınıń ózgesheliklerin oqıtıwda nátiyjelı usıllardı kórsetiw.

Pitkeriw qánigelik jumısında qaraqalpaq kórkem sóz sheberleri Berdaq Ǵarǵabay ulı, I.Yusupov, T.Qayıpbergenov, E.Ótepbergenov, Á.Tájimuratov, M.Nızanov, Sh.Seyitov, J.Ábdimuratov, J.Serjanov, T.Mátmuratov, G.Tursınova hám t.b. shıǵarmalarınan, naqıl-maqallardan paydalanıldı.

## **I Bap** Qaraqalpaq tilindegi kelbetlikti oqıtıw

Morfologiyada úyreniletuǵın tiykarǵı máselelerdiń biri sóz shaqapları bolıp esaplanadı. Sóz shaqapları, bul − sózlerdiń leksika-semantikalıq hám grammatikalıq toparları. Morfologiyada sózlerdiń sóz shaqaplarına bóliniwi, mánili hám kómekshi sóz shaqapları hár tárepleme úyreniledi.

Házirgı dáwirde qaraqalpaq tilin mekteplerde oqıtıwda hár qıylı metodlar qollanıladı. Qaraqalpaq tilinde bir qansha metodlardı «Kelbetlik» temasına baylanıslıda qollana beriwge boladı. Bunda tómendegi metod túrlerin kórsetiwge boladı:

A) awızeki

B) kórgizbeli

V) ámeliy metodlar.

A) Awızeki metod − túsindiriw metodı. Bul metod házirgı waqıtta barlıq bilim beriw orınlarında qollanıladı. Ol temanıń tiykarın ashıp beredi, oqıwshilarda kelbetlik sóz shaqabı haqqında jańa bilim hám oy-pikirlerdi payda etedi. Balalardı kelbetliktiń túrleri, basqa sóz shaqaplarınan ózgeshelikleri menen tanıstırıwda, olardı túsindiriwde, jańa shınıǵıwlar islewde paydalanıwǵa boladı.

Awızekı metodtıń jáne bir túrı gúrrińlesiw bolıp, ol sáwbetlesiw ataması menen de júritiledi. Sáwbet − soraw-juwap formasında ótkeriletuǵın usıl.

Muǵallim tema boyınsha materialdı túsindirgennen keyin onı oqıwshınıń qalay ózlestirgenin anıqlaydı. Bunda muǵallim kelbetlik teması boyınsha materialdı ózlestiriw, oqıwshılar óz pikirin ayta alıwı, erkin sóylewi sıyaqlı qásiyetlerdi rawajlandıradı. Bunı muǵallim sabaq sońında paydalanadı.

Kórgizbeli metod kelbetlikti ótkende jaqsı nátiyje beredi. Ol barlıq klasslarda shınıǵıwlardı ótkende paydalanıladı. Kórgizbe pútkil klassqa yamasa oqıwshıǵa baylanıslı paydalanıla beredi. Kórgizbelilik ásirese, kishi jastaǵı balalar ushın jaqsı járdem beredi. Bul − kelbetliktiń mánisı boyınsha túrlerin oqıtıwda qolaylı.

«Oqıwshılarǵa kelbetliklerdi úyretiwde, tiykarınan, soraw-juwap, gúrriń, túsindiriw, leksika-grammatikalıq tallaw, analiz-sintez usılı, morfologiyalıq tallaw, shınıǵıw boyınsha óz betinshe jumıslar, sabaqlıq ústinde islew, kórsetpelilik (keste, sxema, mısallar) h.t.b. salıstırmalılıq usıllarınan keńnen paydalanıwımız zárúr. Álbette, bul metodikalıq usıllardıń anaw ya mınaw túrin sabaqta ótiletuǵın temanıń hám ondaǵı islenetuǵın ámeliy jumıs túrleriniń mazmunı menen kólemine qaray tańlanıp qollanıladı»[10].

Qaraqalpaq tiliniń ayırım tarawları oqıwshıǵa qospalı yamasa quramalı taraw sıpatında túsiniledi yamasa qabıl etiledi. Kúndelikli qarım-qatnasta tildiń tiykarǵı birligı esaplanǵan gáplerden paydalansa da, onıń qalay dúziletuǵının sistemalı túrde teoriyalıq jaqtan bilmewi múmkin. Onda zatlardıń atamaların yamasa qanday da bir belgilerin bildiretuǵın sózlerdiń qatnasatuǵın ele tolıq túsinbewi itimal. Sonday-aq, morfologiyanıń sóz shaqapları haqqındaǵı ilim ekenligi yamasa onıń grammatikanıń bir tarawı ekeninen ulıwma xabardar bolsa da, anıq bilimge iye bolmawı múmkin. Sonlıqtan muǵallim morfologiya pániinen kirisiw sabaǵında morfologiya haqqında túsinik beriwden baslaydı. Bunda

---

[10] Қутлымуратов Б., Кенжебаева Т. Қарақалпақ тили морфологиясын оқытыў усыллары. Нөкис, «Билим», 1996, 51-бет.

muǵallim dáslep terminniń tiykarǵı mánisin oqıwshıǵa tolıq túsindiriwi tiyis. Bunnan keyin sóz shaqaplarına ótip baslaydı.

Kelbetlik sóz shaqabın úyretiw de muǵallimnen, óz gezeginde, belgilı bir talaplardı orınlawdı, qıyınshılıqlardıń sheshimin tabıwdı, sabaqta oqıwshıǵa ańsat hám qolaylı bolǵan usıllardı qollanıwdı talap etedi.

Kelbetlik qaraqalpaq tilindegi ózine tán ózgeshelikleri hám dáreje kategoriyasına iye sóz shaqabı, onıń sintaksislik xızmetıde hár qıylı bolıp keledi. Onı oqıwshılarǵa túsindirgende oqıtıwshıdan dóretiwshilik qatnas, sheberlik talap etiledi.

Kelbetlik sózlerdi ótkende muǵallim onıń barlıq leksika-semantikalıq hám leksika-grammatikalıq ózgesheliklerin aytıp túsindiriwı tiyis. Kelbetlik sóz shaqabınıń eń sıpatlı belgilerine tiykarǵı dıqqattı awdara biliwi tiyis.

Muǵallim jańa materialdı ótiwde ózı tárepinen aldın ala puxta tayarlanılǵan kórsetpe quraldı taxtaǵa ildirip, onıń ishinen kelbetlik sózlerdi taptırıp, olardıń sorawların qoydırıwı, olardı anıqlawı ushın múmkinshilik payda etip beriwi kerek. Soraw-juwap túrinde kelbetliktiń tiykarǵı ayırmashılıqların anıqlawǵa boladı.

Sabaqta muǵallim oqıwshılardıń aldına tómendegi wazıypalardı meńgeriwdi qoyadı:

− kelbetlik sózlerdi basqa sóz shaqaplarınan ajırata biliw;

− kelbetlikke tán ayırmashılıqlardı basqa sóz shaqaplarına tán belgilerden durıs ajırata biliw;

− kelbetliktiń leksika-grammatilkalıq ózgesheliklerin biliw;

− kelbetlik penen ráwishtiń ayırmashılıǵın durıs parqlaw;

− kelbetliktiń túrlerin biliw;

− kelbetliktiń jasalıwın biliw;

− kelbetliktiń sintaksislik xızmetlerin úyreniw hám t.b.

Teoriyalıq bilim menen kónlikpe payda etiw arqalı bir neshe shınıǵıwlar járdeminde muǵallim sabaqta oqıwshılardıń usı ayırmashılıqlardı parqlawına dıqqat awdaradı.

Ulıwma, qaraqalpaq tilı grammatikasınıń morfologiya tarawında barlıq sóz shaqapları úyreniletuǵın bolsa, olardıń arasında kelbetlik sóz shaqabın mekteplerde úyreniw de  áhmiyetli orın tutadı. Álbette, tilde hár bir sóz shaqabınıń ornı, , atqaratuǵın xızmetlerı bar. Usı sıyaqlı kelbetlik sózler de atlıq hám feyil sózler sıyaqlı oy-pikirdi bildiriwde,  gáp dúziwde úlken orın iyeleydi. Olar oy-pikirdı basqa jetkeriwde, bildiriwde sıpatlawshı xızmet atqaradı. Sonıń ushın da, kelbetliklerdi durıs hám tereń úyreniw, onı ózlesriw nátiyjesinde oqıwshılardıń bilim hám kónlikpeleri qáliplesedi. Olardıń awızsha hám jazba til baylıǵı rawajlanıp baradı, oy-pikirin basqaǵa jetkerip beriwde  áhmiyetli orın tutadı. Sonıń menen birge, basqa sóz shaqapların, oǵan  belgilı bir tárepı menen uqsas yamasa jaqın bolǵan atlıq, kelbetlik, feyil, sonıń ishinde, kelbetlik feyildı úyreniwine, durıs túsiniwine tiykar boladı.

Kelbetlik mekteptiń 5-klasslarında úyrenilgende, baslawısh klasslarda kelbetliklerdiń zattıń belgisin bildiretuǵın sóz  ekeni,  olardıń atlıq sózlerdiń aldında turıp dizbeklesip keletuǵını, qanday?, qaysı? sorawlarına juwap beretuǵını haqqında alǵan bilimlerin jáne  de keńeytedi. Bul klasta kelbetliktiń leksika-semantikalıq ózgeshelikleri jáne grammatikalıq ayrıqshalıqları boyınsha ádewir qospalı bolǵan teoriyalıq bilimlerdı iyeleydi. Bunnan kelip shıǵatuǵın nárse, kelbetlikti úyretiwdegi tiykarǵı maqset − kelbetliktiń leksikalıq mánileri, morfologiyalıq ózgeshelikleri− jasalıwı, dárejeleri, sintaksislik xızmetlerı boyınsha teoriyalıq bilim beriw hám ámeliy kónlikpe payda etiwden ibarat. Sonıń menen birge, oqıwshılardıń kelbetlikti basqa sóz shaqaplarınan  − atlıq, sanlıq, feyil, ásirese, kelbetlikke jaqın bolǵan  kelbetlik feyil menen ráwishten qıynalmastan ayırıp biliwine tiykar jaratıw bolıp esaplanadı. Ekinshı tárepten, kelbetliktiń sın-sımbat, reń-tús, qásiyet hám t.b. sıyaqlı zatlardıń hár qıylı sınlıq, sapalıq belgilerin

bildiriwi, ózine tán jasalıw usılları menen sóz jasawshı qosımtalardıń bolatuǵını, gápte qanday da bir sintaksislik xızmet atqarıp keletuǵınlıǵı boyınsha kónlikpe qáliplestiriw zárúr.

Qaraqalpaqstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrligi

Respublikalıq oqıw metodikalıq orayı

# Ulıwma bilim beriw mekteplerinde Ana tilı páninen
# Mámleketlik bilimlendiriw standartları hám oqıw baǵdarlamaları

5-9-klasslar

Nókis – 2019

5-klass ushın oqıw baǵdarlaması tómendegi belgilengen ( 12-bet).

Oqıw baǵdarlaması

(háptesine 5 saatttan, jıl boyına 170 saat)

Kelbetlik ( 19 saat)

Kelbetliktiń mánisi, belgilerin bildiriwı jáne grammatikalıq belgileri, kelbetliktiń qurılısı boyınsha túrleri, dara hám qospa kelbetlikler ( 3 saat)

Kelbetliktiń jasalıwı, qosımtalar arqalı jasalıwı ( 4 saat)

Kelbetliktiń atlıq ornı, na qollanılıwı (zatlasıwı) (1 saat)

Qospa kelbetlikler hám olardıń jazılıwı (3 saat)

Sinonim hám antonim kelbetlikler (2 saat)

Kelbetliktiń dárejelerı hám olardıń jasalıwı ( 4 saat)

Kelbetliktiń arttırıw hám salıstırıw dárejeleri

Kelbetliktiń dáreje jasaytuǵın qosımtaları hám olardıń jazılıwı

Kelbetliktiń sintaksislik xızmeti. Kelbetliktiń gápte anıqlawısh hám bayanlawısh xızmetin atqarıp keliwi (3 saat)

Tákirarlaw (2 saat)

Biz pitkeriw qánigelik jumısımızda usı oqıw baǵdarlamasındaǵı eń úlken temalardı − kelbetliktiń jasalıwın, dárejelerin hám sintaksislik xızmetlerin oqıtıw máselelerin sóz etiwdı maqul dep taptıq. Kelbetlikti úyretiwdegi basqa da kishi temalardı oqıtıwda usı temalardı oqıtıw ushın kórsetilgen talaplardı, usıllardı, metodlardı, materiallardı paydalanıwǵa boladı. Ulıwma, biz ózimizdiń pitkeriw qánigelik jumısımızda kelbetlikti oqıtıwdı onıń jasalıwın, dárejelerin hám sintaksislik xızmetlerin oqıtıw tiykarında sóz etiwdi maqset etip belgiledik. Qalǵan

temalar da usı temalar arqalı, olar menen baylanıslı, usı temalardı ótkende paydalanılǵan usıllar járdeminde oqıtılıwına boladı.

### 1.1. Kelbetliktiń jasalıwın oqıtıw

Qaraqalpaq tilı páni muǵallim ushın da, oqıwshı ushın da «Kelbetliktiń jasalıwı» temasın ótiw basqa túrlerine salıstırǵanda ádewir quramalı hám qospalıraq jumıs bolıp esaplanadı. Bunıń sebebi, kelbetlikler tek atawısh sózlerden jasalmastan, feyil sózlerden de jasala beredi. Sonıń menen birge, kelbetlik jasawshı qosımtalar da kóp hám hár qıylı. Usı sebepten, olar hár qıylı mánilerdıde bildiredi. Mine usı qospalı temanı muǵallim sheberlik penen balaǵa úyretiwi kerek. Bunda oqıwshıǵa bilim beriwde dáslep qosımtasız turǵan túbir kelbetlik sózdiń óziniń ańlatatuǵın mánisin anıqlap alıw kerek, keyninen qosımta qosılǵannan keyin payda bolatuǵın mánisı anıqlawı tiyis. Olardıń mánilerin salıstıra wotırıp muǵallim dórendı kelbetliktiń mánisin oqıwshıǵa túsindirip beredi.

Qaraqalpaq tilindegi kelbetlikler hár qıylı usıllar menen jasaladı. Olar tek sóz jasawshı qosımtalar menen jasalıp qalmastan, sózlerdiń bir-biri menen dizbeklesip yamasa tákirarlanıp bolmasa juplasıp keliwi arqalı da jasaladı. Olardı jasawda belgili bir sóz shaqapları ónimli qatansadı. Bul sóz shaqaplarınıń ishinde, ásirese, atlıq, feyil, sonıń menen birge, kelbetlik sózlerdiń ózinen de jasalatuǵını aytıladı. Dáslepkı sabaqta barlıq qosımtalardı aytıw shárt emes, bunda oqıwshı qıynaladı, olardan tek eń ónimlı qollanılatuǵın qosımtalardı tallap kórsetiw jaqsı nátiyje beredi. Bunda, kóbirek, kelbetlik jasawshı qosımtalardıń mánilerin túsindiriw oǵada zárúrli, bunda olardıń jazılıwı da aytıp ótiledi.

Oqıwshıǵa kelbetlik jasawshı qosımtalardıń mánilerin túsindiriwde dáslep kelbetlik boyınsha 4-klassta alǵan bilimlerin eske túsiriw kerek. Sonnan keyin oǵan  baylanıstırıp jańa temanı baslaw zárúr. Dórendı kelbetliklerdi túsindiriwde aldınnan tayarlanǵan kórgizbeli qurallardı paydalanıw nátiyjeli hám waqıt jaǵınan

da utımlı boladı. Bunda dáslep kelbetlik jasawshı qosımtalar, keyin atlıqtan hám feyilden jasalıwı hár qıylı reńler menen bólip kórsetilse, oqıwshıǵa túsinikli boladı. Keyin olardı mısal menen kórsetip túsindirip beriwine boladı.

| Kelbetlik jasawshı qosımtalar | Atlıqtan jasalıwı | Feyilden jasalıwı |
|---|---|---|
| -lı/-li | sana-lı | |
| -sız/-siz | uqıp-sız | |
| -day/-tey | bala-day | |
| -shaq/-shek | kewil-shek | |
| -shıl/-shil | iyis-shil | |
| -lıq/-lik | awıl-lıq | |
| -awıq/-yewik | baqır-awıq | |
| -ǵır/-gir | al-ǵır | |

Bunda muǵallim kórsetpeli quralda berilgen hár bir mısal boyınsha jumıs islewi kerek. Olardıń hár birin óz aldına bólek-bólek alıp tallap, dáslepki túbir sóz benen qosımta qosılıw arqalı payda bolǵan dáslepki sóz benen payda bolǵan dórendi kelbetliktiń mánisin salıstırmalı túrde túsindirip beriwı tiyis. Muǵallim bunda mına nársege ayrıqsha itibar qaratıwı lazım − oqıwshı kelbetlik jasawshı qosımta jalǵanıwı menen payda bolǵan kelbetlikti túbir kelbetlik penen salıstırıp, dórendi kelbetliktiń mánisi onı jasaǵan túbir kelbetliktiń mánisi menen baylanıslı ekenin, sonnan kelip shıǵatuǵının, zattıń qanday da bir sınlıq, sapalıq, reń, qásiyet hám t.b. belgilerin bildiretuǵının túsinip alıwı tiyis.

Solay etip, kelbetliktiń jasalıwın túsindirgende belgili bir sabaq jobası tiykarında sabaq jobalastırılıwı kerek.

**Tema: Kelbetlik jasawshı qosımtalar**

**Kelbetliktiń jasalıwı, qosımtalar arqalı jasalıwı ( 4 saat)**

**Sabaqtıń maqseti:** oqıwshılarǵa kelbetliktiń jasalıwı, kelbetlik jasawshı qosımtalar hám olardıń mánileri boyınsha teoriyalıq bilim beriw hám ámeliy kónlikpe payda etiw.

**Sabaqtıń jobası:**

1. Úy tapsırmasın soraw
2. Jańa materialdı bayanlaw
3. Kelbetlik sózlerge awızsha túsinik beriw
4. Dóretiwshilik shınıǵıw
5. Sabaqtı juwmaqlaw hám úyge tapsırma beriw.

**Sabaqtıń barısı:**

Sabaqta aldıńǵı sabaqta ótilgen tema boyınsha sorawlar berilip, tiyisli máseleler anıqlanadı. Bunnan soń taxtaǵa búgingi sáne hám sabaqta ótiletuǵın tema jazıladı. Bunda oqıwshılarǵa hár qıylı sorawlardı «aqılıy hújim» metodıarqalı berip kórip, olardıń sabaqqa dıqqatın awdarıwǵa, pikirlerin anıqlawǵa boladı.

1. Kelbetlikler qanday qosımtaları arqalı jasaladı.
2. Kelbetlikler qaysı sóz shaqaplarınan jasaladı?
3. Dórendı kelbetlik qanday mánilerdı bildiredi hám t.b.

Bunda muǵallim ótiletuǵın materialdı hár qıylı slaydlar túrinde tayarlawı múmkin yamasa kórsetpeli qurallardan paydalanıwı múmkin.

Kelbetlik jasawshı qosımtalar

| **-day/-dey,-tay/-tey** | **-shaq/-shek** | **-shıl/-shil** | **-lıq/-lik** |
|---|---|---|---|
| anam-**day** | ashıw-**shaq** | iyis-**shil** | awıl-**lıq** |
| úkem-**dey** | erin-**shek** | ózim-**shil** | orta-**lıq** |
| kitap-**tay** | qızǵan-**shaq** | kir-**shil** | kásip-**lik** |
| ertek-**tey** | | | |
| Mısalı: *Ol maǵan **anamday*** | Mısalı: *Maqset –* | Mısalı: *Qutlıayaq – **iyisshil** kúshik.* | Mısalı: *Men **awıllıq** mektepte oqıyman.* |

*jaqın.* **ashıwshaq** *bala.*

Kelbetlik jasawshı qosımtalar

| **-las/-les** | **-ıy/-iy** | **-ǵısh/-gish** | **-awıq/-yewik** |
|---|---|---|---|
| is-**les** | máden-**iy** | bil-**gish** | baqır-**awıq** |
| klass- **las** | ádeb-**iy** | sın-**ǵısh** | súze-**wik** |
| qońsı- **las** | qıyal-**ıy** | sız-**ǵısh** | tisle-**wik** |
| Mısalı: O*l* − *meniń* ***klasslas*** *dostım.* | Mısalı: *Men* ***qıyalıy*** *erteklerdı oqıdım.* | Mısalı: *Men kitap,dápter,* ***sızǵısh*** *satıp aldım* | Mısalı: *Meniń* ***tislewik*** *kúshigim bar.* |

Solay etip, muǵalllim endi balalarǵa bul kelbetlik jasawshı qosımtalardıń mánilerin túsindiriwge ótedi. Mısalı, -day\-dey qosımtası zatlardıń belgilerin bir-birine salıstırıw, usatıw, teńew mánilerin bildirse, -shaq/-shek, - shıl/-shil, -ǵısh/-gish qosımtaları arqalı jasalǵan kelbetliklerdiń sınlıq belgini bildirip kelip, qanday da bir nársege beyimlilikti bildiretuǵının, al -las/-les, -lıq/-lik qosımtaları orın hám waqıtqa baylanıslı kelbetliklerdi jasaytuǵının, -ıy/-iy qosımtası qanday da bir zatqa tiyislilik belginı bildiretuǵının aytıp, túsindirip beredi. Sonıń menen birge, muǵallim -biy, -na/-ná qosımtalarınıń sózdiń aldında turıp dórendi kelbetlik jasaytuǵının mısallar menen túsindiredi. Mısalı: biyguna − gunasız, biytalap − talapsız, naguman − gumansız, biymánı − mánissiz kelbetliklerinde qanday da bir nárseniń joqlıǵın bildirip, -sız/-siz kelbetligi menen sinonim bolatuǵının kórsetedi, bunda -sız/-siz kelbetlik jasawshı qosımtasınıń mánilerinińde usınday ekenligi qosa túsindiriledi.

Bul materiallardı teoriyalıq jaqtan oqıwshıǵa tolıq hám durıs jetkerip beriwde hár qıylı usıllardan − soraw-juwap, gúrriń, salıstırıw, kórsetpelilik usıllarınan sheberlik penen paydalanıwı múmkin. Bunnan keyin jańa materialdı

oqıwshılardıń qalay túsingenin, ózlestirgenin anıqlaw maqsetinde tómendegidey bir neshe sorawlardı beriw arqalı anıqlawına boladı:

1. Kelbetlikler qalay jasaladı?
2. Kelbetlik jasawshı qosımtalar bar ma? Olar − qaysılar?
3. Qaysı sóz shaqaplarınan kelbetlik ónimlı jasaladı?
4. Atlıqtan kelbetlik jasawshı qanday qosımtalardı bilesiz?
5. Feyilden kelbetlik jasawshı qosımtalar − qaysılar?
6. Qosımtalar arqalı jasalǵan kelbetlikler ne dep ataladı?
7. Dórendi kelbetlikke mısallar keltiriń.

Bul sorawlardı jámlestirip muǵallim awızsha juwaplar alǵannan keyin ótilgen temanı bekkemlew maqsetinde shıǵıw isletiwge ótse boladı. Shınıǵıwdı muǵallim qadaǵalap tekserip baradı. Keyin tiyislı bahasın qoyadı.

## 1.2 Qospa kelbetliklerdi oqıtıw

Muǵallim bul temanı ótkende qospa kelbetliklerge de oqıwshılardıń dıqqatın awdaradı. Qospa kelbetliktiń dórendı kelbetlikten ózgesheligin ápiwayı etip túsindirip beriwı kerek, bunda tablitsadan paydalansa boladı.

| Dara kelbetlikler | Qospa kelbetlikler |
|---|---|
| **aqıllı**(bala) | **uzın boylı** (qız) |
| **bilimli**(oqıwshı) | **biyday reńlı**(adam) |
| **súzewik** (buǵa) | **qara kókshil** (bult) |
| **sarǵısh** (kóylek) | **oylı-shuqırlı** (atızlıq) |

Bul kelbetlikti bólek jazdırıp túsindirgennen keyin qospa kelbetliklerge óz aldına toqtap túsindiriwı kerek. Bunda qospa kelbetliktiń ekı yamasa úsh jay sózden quralıp, bir máninı ańlatatuǵının, zattıń qanday da bir reń, sın, sapa hám t..b belgisin bildiretuǵının mısallar jazıp kórsetiw menen túsindiredi. Qospa kelbetliktiń jasalıw usılı boyınsha túrlerin − birikpegen qospa kelbetlikti hám jup kelbetlikti taptırıp, olardı baǵana sızıp eki jaǵınan bólek kóshirip jazdırıwına

boladı. Bunda muǵallim mınaday mısallardan paydalansa boladı: qızıl shıraylı, ashıq júzli, irili-maydalı, apalı-sińlili hám t.b. Bul mısallar menen qospa kelbetlikti túsindirip bergennen keyin, óz betinshe jumıs islewge ótiw kerek. Bunda oqıwshıǵa sabaqlıqta berilgen shınıǵıwlardan paydalanıp qospa kelbetliklerdi taptırıw jaqsı nátiyje beredi. Oqıwshı ózi anıqlaǵan qospa kelbetliktiń neshe sózden turǵanın, qanday máni ańlatatuǵının aytıp beriwi kerek.

Solay etip, oqıwshınıń qospa kelbetlik haqqında alǵan bilim hám kónlikpelerin anıqlap alǵannan keyin, berilgen mısaldan yamasa sabaqlıqtan qospa kelbetliktiń túrlerin ayırıp jazdırtsa boladı. Bunda aq quba, sarı-ala, oylı-shuqırlı, mayda-shúyde, aq kewil hám t.b. mısallardan paydalansa boladı.

Muǵallim oqıwshınıń ótilgen temanı ózlestirgenin anıqlap temanı bekkemlep bolǵannan keyin úy tapsırmasın berip, onıń shártin túsindirip beredi. Keyin oqıwshılardıń túsinbegen sorawları bolsa juwap beredi. Sonnan keyin oqıwıshlar menen xoshlasıp, sabaqtıń tamamlanǵanin eskertip sabaqtı juwmaqlaydı.

## 1.3. Kelbetliktiń dárejelerin oqıtıw

Qaraqalpaq tilindegi kelbetlik qorshaǵan ortalıqtaǵı zatlardıń, qubılıslardıń hár túrli sapasın, túr-túsin, belgisin bildirip keliwi menen ajıralıp turadı. Bunda kelbetlik sózler bárqulla bir qıylı sınlıq qásiyettı bildirip kelmesten, hár qıylı dárejeler arqalı bildiredi. Zat hám nárselerdiń, qubılıslardıń hár qıylı belgilerin, qásiyetlerin kórsetiw ushın muǵallim sabaqta hár qıylı usıllardan paydalanıwına boladı. Eger sol zatlardıń ózi bar bolsa ózin, bolmasa onıń súwretin de reńi, belgisi, qásiyeti menen plakatlarda kórsetiwine boladı. Bunıń ushın muǵallim usı belgiler kórsetilgen kórgizbeli qural tayarlawı maqul. Oqıwshılar usı zatlardı kóz benen kórip, olardıń belgilerin bir-biri menen salıstıradı, olardıń óz-ara ózgesheliklerin, ayırmashılıqların ajıratadı. Bunda muǵallim kelbetliktiń dárejelerin ózine tán

mánilik ózgesheligi, jasalıw jolları arqalı túsindirip beredi. Bunda bir neshe sıpatlı mısallardan paydalanıwı kerek.

Muǵallim kelbetliktiń dárejelerin sóz etkende eń dáslep jay dáreje haqqında qısqasha túsinik beredi, sonnan keyin oǵan salıstırıw hám arttırıw dárejelerin salıstırıp kórsetedi. Bunıń ushın muǵallim tablicalardıń járdeminen paydalanıwı múmkin. Bunda ótilip atırǵan sabaqtıń materialına, temanıń sıpatına qaray kórsetpeli qurallardı tańlaw maqsetke muwapıq keledi. Taza temanı túsindirgende hár qıylı usıllardıń nátiyjeliligi sabaqtıń materialın oqıwshınıń durıs ózlestiriwine sebepshi boladı.

«Texnikalıq qurallardı paydalanıwdıń áhmiyeti, birinshiden, oqıwshılar bilimdı tıyanaqlı hám bekkem ózlestiriwine sebepshı boladı. Texnikalıq qurallardı paydalanıw arqalı ózlestirilgen bilim tolıq este saqlanadı, qızıǵıwshılıǵı artadı, tárbiyalıq tásirı keń hám effektli boladı, ekinshiden, muǵallimniń jumısı kólemi jaǵınan keń, mazmunı tereń xarakterge iye boladı».[11]

Muǵallim kelbetliktiń úsh dárejesin tablitsada kórsetip beriwine boladı.

[11] Бердимуратов Е., Пирниязов Қ. Орта мектеплерде қарақалпақ тилин оқытыў методикасы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1988, 63-бет.




Kelbetliktiń úsh túrli dárejege iye bolatuǵının aytıp túsindirip bergennen keyin muǵallim hár bir dárejeniń ózgesheligin kórsetip beredi.

Jay dáreje túbir yamasa dórendi sóz túrinde keletuǵın kelbetlikler arqalı bildiriletuǵının mısallar menen kórsetip beredi. Mısalı:

1. Úyimizdiń qasında **taza** mektep salındı.

2. Meniń **úlken** aǵam − oqıtıwshı.

3. Onıń **qızıqlı** kitabı bar.

**4. Bilimli** balalar − biziń maqtanıshımız hám t.b.

Endı usı jay dáreje menen salıstırıp salıstırıw dárejesin túsindirip beredi. Bunda mınaday tablitsadan paydalanıw maqsetke muwapıq keledi.

| **Kelbetlik Jay dáreje** | **Salıstırıw dáreje jasawshı qosımtalar** | **Salıstırıw dáreje** |
|---|---|---|
| taza | -raq/-rek | taza-**raq** |
| qızıl | -ıraq/irek | qızıl-**ıraq** |
| kók | -shıl/-shil | kók-**shil** |

| | | |
|---|---|---|
| sarı | -ǵısh/-gish | sar**-ǵısh** |
| biyik | -law/-lew | biyik**-lew** |
| boz | -ǵılt/-gilt | boz-**ǵılt** |
| sarı | -ǵıltım/-giltim | sar-**ǵıltım** |

Kelbetliktiń úsh dárejesin bir-birı menen salıstırıp ótiw kerek. Sonıń ushın olardı salıstırıp ayırmashılıǵın kórsetiwde kórsetpeli qural zárúr. Bunıń ushın arttırıw dárejeni de tablica túrinde kórsetiw maqsetke muwapıq boladı.

**KELBETLİKTİŃ DÁREJELERİ**

| **JAY DÁREJE** | **Arttırıw dáreje jasawshı qosımtalar** | **ARTTIRIW DÁREJE** |
|---|---|---|
| bálent | dım | dım bálent |
| sulıw | kútá | kútá sulıw |
| jaqsı | oǵada | oǵada jaqsı |
| biyik | júdá | júdá biyik |
| azada | yeń | eńazada |
| qara | shım | shım qara |
| qızıl | qıp- | qıp-qızıl |
| taza | tap- | tap-taza |
| qara | qap- | qap-qara |

Demek, muǵallim kelbetliktiń dárejelerin túsindirgende de itibarlılıq penen olardı bir-biri menen salıstırıp oqıwshıǵa mısallar menen túsindirip beriwi kerek.

Kelbetliktiń jasalıwı temasına salıstırıp qaraǵanda kelbetliktiń dárejeleri temasın ótiw muǵallim ushın da, oqıwshı ushın da júdá quramalı esaplanbaydı. Kelbetlik teması ótilgende oqıwshılar kelbetliktiń dárejeleri hám olardı jasaytuǵın qosımtalar haqqında dáslepki yamasa ulıwmalıq maǵlıwmatlarǵa iye, dáslepki teoriyalıq materiallar menen tanıs. Usıǵan baylanıslı oqıwshıǵa muǵallim

qıyınshılıqsız belgili bir qosımtalardıń járdeminde jasalǵan kelbetlik dárejeleriniń basqa bir zatlardaǵı sınlıq ya sapalıq belgilerden artıq yamasa kem ekenligin túsindirip beredi. Bunda oqıwshınıń ózide muǵallim menen birge shınıǵıw islep mısallar menen tanısatuǵın bolǵanlıqtan erkin yakı bolmasa ayrıqsha qıyınshılıqlarsız túsiniwine múmkinshilik boladı. Bunıń ushın muǵallim kelbetlik dárejelerin gáp ishinde keltirip túsindiriwı tiyis. Mısalı: Biziń mektep **taza** / Biziń mektep **tazaraq** / Biziń mektep **dım taza**. Bunda taza kelbetligi ańlatqan belgi óz-ara salıstırılıp, birinshı gápte tazalıq belgi ápiwayı, jay túrde kórsetilse, ekinshisinde onnan taza ekeni, salıstırıladı, al úshinshı gápte bolsa ol ekewinen de taza yaǵnıy dım taza ekeni, kórsetilip, bunnan zatlardıń belgileri usınday hár qıylı dárejede keletuǵını ayqın boladı. Oqıwshı sabaq barısında mine usı nárseni túsinedi.

Álbette, hár bir sabaq sıyaqlı «Kelbetliktiń dárejeleri» temasın ótkende de sabaqtı jobalastırıw maqsetke muwapıq boladı.

**Tema:** Kelbetliktiń dárejeleri

**Sabaqtıń maqseti:** Kelbetliktiń dárejeleri tuwralı teoriyalıq bilim beriw menen birge ámeliy kónlikpeler payda etiw

**Sabaqtıń jobası:**

1. Úy tapsırmasın soraw
2. Jańa materialdı bayanlaw
3. Kelbetlik sózlerge awızsha túsinik beriw
4. Dóretiwshilik shınıǵıw
5. Sabaqtı juwmaqlaw hám úyge tapsırma beriw.

**Sabaqtıń barısı:**

Sabaqtıń barısı, ádettegishe, úy tapsırmasın sorawdan baslanadı. Bunda muǵallim berilgen shınıǵıwdı náwbetshı yamasa basqa bir oqıwshı arqalı anıqlap, shınıǵıwdan berilgen dórendi kelbetlikti anıqlap, studenlerge baha qoyadı.

Jańa materialdı bayanlawda muǵallim túrli kórsetpeli qurallardan, sabaqlıqtan, taxtadan jáne hár qıylı usıllardan paydalanadı. Bunıń ushın tómendegidey kórsetpeli quraldan paydalanıwı múmkin.

**KELBETLİKTİŃ DÁREJELERİ**

| JAY DÁREJE | SALISTIRIW DÁREJE | ARTTIRIW DÁREJE |
|---|---|---|
| úlken | úlkenirek | dım úlken |
| bilimli | bilimlirek | júdá bilimli |
| kók | kókshil | oǵada kók |
| sulıw | sulıwıraq | dım sulıw |

Ulıwma, muǵallim kelbetliktiń qaysı dárejesin túsindirse de olardı basqasına salıstırıp, gáp dúzip, olardı gáp ishinde belgileri menen qosa anıqlap, kórsetip, túsindirip beriwi kerek. Bunda túbir yamasa dórendi sózge dáreje jasawshı qosımtalar qosılǵanda júz beretuǵın seslik ózgerislerde de aytıp ótiwi tiyis.

Sabaqtı bekkemlewde oqıwshshılardıń temanı qanday dárejede túsingenin, ózlestirgenin biliw, anıqlaw maqsetinde soraw-juwap metodınan paydalansa boladı. Bunıń ushın muǵallim tómendegidey sorawlardı oqıwshılarǵa beredi:

1.Kelbetliktiń dárejesi degen ne?

2. Kelbetliktiń neshe dárejesi bar? Olar − qanday?

3. Jay dáreje degen ne?

4. Salıstırıw dáreje qanday qosımtalar arqalı jasaladı?

5. Arttırıw dáreje jasawshı qosımtalarǵa qaysı qosımtalar kiredi?

6. Kelbetlik dárejeleriniń bir-birinen ózgeshelikleri qanday?

7. Mısallar keltiriń.

Bul sorawlarǵa muǵallim awızsha juwaplar alǵannan keyin ótilgen temanı

ámeliy jaqtan jáne de bekkemlew maqsetinde sabaqlıqtan shınıǵıw isletiwine boladı. Shınıǵıwdı muǵallim qadaǵalap tekserip baradı, bahalaydı. Úy tapsırmasın berip, oqıwshılar menen xoshlasıp sabaqtı juwmaqlaydı.

**1.4. Kelbetliktiń sintaksislik xızmetlerin oqıtıw**

Mektepte kelbetlikti oqıtqanda onıń gáp aǵzası sıpatında gáp ishinde kelgende atqaratuǵın sintaksislik xızmetlerin úyretiw de áhmiyetli orın iyeleydi. Oqıwshı óz pikir, oyların erkin dúziwde hár bir sóz shaqabın gápte paydalanıwdı jaqsı biliwi tiyis. Bunda kelbetliktiń gáptegi bas aǵzalar hám ekinshi dárejeli aǵzalardıń xızmetin atqarıwındaǵı ózgesheliklerdi túsindiriw lazım.

**Kelbetliktiń gáptiń bas aǵzaları xızmetinde keliwin oqıtıw**

Qaraqalpaq tilinde gáptiń bas aǵzası − baslawısh penen bayanlawısh.

Gáptiń bas aǵzası bolǵan baslawısh gáptiń kim ya ne haqqında aytılǵanın bildirip keletuǵın aǵza bolıp esaplanadı. Baslawısh zatlıq uǵımdı ańlatıp, ataw sepligindegı sózler arqalı is-hárekettiń iyesin bildirip keledi. Kim? ne? kimi? nesi? sıyaqlı sorawlarǵa juwap beredi.

**Kelbetliktiń baslawısh xızmetinde keliwin oqıtıw**

Kelbetlikler gáptiń bas aǵzalarınıń xızmetin atqarıp keledi. Bunda olar, tiykarınan, substantivlesip keledi. Kóbinese, óziniń belgi mánisine qosa zat mánisin bildirip kelgen kelbetlikler gáptiń baslawıshı bolıp keledi.

Oqıwshıǵa baslawısh haqqında túsinik berip, usı aǵzanıń kelbetlik sóz shaqabı arqalı bildiriliwin túsindiriwge boladı. Kelbetlik baslawısh xızmetinde kelgende túbir hám dórendı kelbetlikler arqalı bildiriledi. Demek, atlıqsız

kelbetliktiń ózı turıp, atlıq ornına baslawıshtıń xızmetin atqaradı. Bunda qaraqalpaq xalıq naqıl-maqallarınan paydalanıw jaqsı nátiyje beredi. Mısalı:

**Batır (kim?)** bir ret óledi, **qorqaq (kim?)** mıń ret óledi. Ó**nerlı (kim?)** qor bolmaydı. (Naqıllar)  Bul sózlerdiń adamdı da, onıń belgisin de birge bildirip kelip baslawısh bolıp turǵanlıǵın oqıwshıǵa túsindirip ótiw kerek.  Demek, bul mısalda batır, qorqaq, ónerli kelbetlikleri qanday? degen sorawǵa juwap  berip, belgi mánisin emes, al kim? degen sorawǵa juwap berip adam mánisin bildirip tur. Solay etip,  túbir kelbetlikler de (batır) dórendi kelbetlikler de (qorq-aq, óner-li) baslawısh xızmetinde keledi.

Usılay etip, oqıwshılarǵa taxtada jumıs islep mısallar jazıp túsindiriw jaqsı nátiyje beredi. Sonday-aq, slaydlar arqalı, sabaqlıqta berilgen shınıǵıwlar arqalı oqıwshılardıń kelbetliktiń baslawısh xızmetinde keliwi haqqındaǵı túsiniklerin, bilim dárejesin keńeytiwge háreket etiw zárúr. Temanı bekkemlew ushın «Soraw sizge» usılınan paydalanıwǵa boladı.

Bunda sebetshege hár qıylı miywe hám palız ónimleriniń súwretin sızıp, onı qıyıp salıp, artına mısallar jazıp, oqıwshılardıń bilim dárejesin tekserip kóriwge boladı. Oqıwshılardıń hár birine usı sebetsheden miywe, ónimlerdi alıwdı tapsırıp, oǵan  tiyislı sorawlardı beriwge boladı. Durıs hám anıq juwap bergen balalardı bahalap barıw kerek. Mısallardaǵı kelbetliklerdiń qaysı gáp aǵzası sıpatında kelgenin soraw kerek. Sóytip, oqıwshılardı tallawǵa da úyretiwge boladı.

Mısal retinde tómendegidey  kelbetliklerdiń sintaksislik xızmetin anıqlawǵa boladı:

**Ónerli** maqsetine jetedi.

**Jaqsılar** kóp.

**Bilimliler** jarısqa qatnasadı.

Bunda oqıwshılar olardıń qaysı aǵzanıń xızmetinde kelgenin, onıń qanday sorawǵa juwap beretuǵın hám t.b. aytıp beredı hám sol kelbetlik haqqında maǵlıwmatqa iye boladı.

**Kelbetliktiń bayanlawısh xızmetin oqıtıw**

Dáslep oqıwshıǵa bayanlawıshtıń qanday aǵza ekenligi, bas aǵza sıpatında gápte atqaratuǵın xızmeti, qanday sorawlarǵa juwap beretuǵını, gáptiń qaysı ornında keletuǵın aytıp ótiledi. Bunnan soń bayanlawıshtıń hár qıylı sóz shaqapları arqalı morfologiyalıq jaqtan bildiriletuǵını atap ótiledi. Keyin muǵallim kelbetlik sózlerdińde baslawısh sıyaqlı gáptiń bas aǵzası esaplanǵan bayanlawısh xızmetinde de keletuǵının túsindiredi. Bunda muǵallim tómendegidey mısallardan paydalansa boladı.

Bul teńizdiń suwı – **ashshı (qanday?).**

Mektep baǵı gúllerge **tolı (qanday?).**

Klass oqıwshıları búgin **júdá quwanıshlı (qanday?).**

Sol kitap júdá **qızıq (qanday?).**

Bul mısallardı oqıwshılarǵa «Túsindiriw» usılı menen jetkerip beriwge boladı. Sonıń menen birge, bul temanı ótkende kelbetliktiń bayanlawısh xızmetin atqarıwın oqıwshılılardıń sanasında rawajlandırıw maqsetinde jáne bekkemlep barıw maqsetinde «Blic-sorawnaması» interaktiv shınıǵıwınan paydalanıwǵa

boladı. Bul sorawnama ushın tórt ketekshe sızıladı, ishine mısallar jazıladı, juwapları hám keyninen juwmaq beriledi.

Bul shınıǵıwdı ótkeriw ushın oqıwshılardı úsh yamasa tórt toparǵa bólip, olarǵa «Blic-sorawnaması» qaǵazları tarqatıladı jáne shártı waqtı, bahalaw ólshemı túsindiriledi.

Bul interaktiv shınıǵıw tómendegishe alıp barıladı. Birinshı ketekshede sorawlardıń yaǵnıy mısallardı jaylastırıw tártibi, ekinshisine mısallar jazıladı. Úshinshı ketekshede oqıwshılardıń juwapları, tórtinshisinde juwmaq yamasa nátiyje jazıladı.

| № | Mısallar | Juwaplar (bar, joq) | Juwmaq |
|---|---|---|---|
| 1 | Bul teńizdiń suwı − **ashshı.** | bar | Kelbetlik gápte bayanlawısh bolıp keledi. |
| 2 | Murattıńkitabı– taza.<br>Biziń mektebimiz – taza hám biyik. | bar | Gápte kelbetlik bar. Bul gápte taza, biyik kelbetliklerı bayanlawısh. Kelbetlik gápte bayanlawısh bolıp keledi. |
| 3 | Onıń qızıqlı kitapları kóp. | joq | Bul ráwish, kelbetlik emes. |
| 4 | Gúlbáhárdiń úkesı ele **júdá kishkene.** | bar | **Júdá kishkene** − |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | | kelbetlik, qanday degen sorawǵa juwap berip bayanlawısh bolıp tur. |

Oqıwshı ekinshi ketekshede berilgen mısalllar boyınsha bayanlawısh xızmetinde kelgen kelbetlik sózlerdi anıqlaydı. Bunda mısalda kelbetliktiń bayanlawısh xızmetinde keliwi bar bolsa bar ekenin, joq bolsa joq ekenin belgilep ketedi. Sonnan keyin tapsırmanı orınlap bolǵan soń toparlardıń qaǵazların jıynap, nátiyjesi menen tanıstırıp, durıs, anıq juwap bergen oqıwshılardı bahalap, topar aǵzalarınnıń qalay qatnasqanlıǵın atap ótiw kerek. Bul interaktiv shınıǵıwdı hár bir muǵallim hár qıylı dóretiwshilik qatnas penen paydalanıwına boladı, yaǵnıy mısal ya bolmasa sorawlar beriwi múmkin.

«Blic-sorawnaması» interaktiv shınıǵıwın ótkeriwdiń áhmiyeti sonnan ibarat, bunda oqıwshılardı erkin pikirlewge hám pikirin dáliyllewge úyretedi, óz pikirin emin-erkin ayta alıw uqıplılıǵın qáliplestiredi. Bul mısallardan kelbetliktiń sintaksislik xızmetlerin tabıw maqsetinde muǵallimniń aytqanların yadqa túsiredi, bul demek, oqıwshınıń yadın rawajlandırıwǵa da xızmet etedi.

«Blic-sorawnaması» shınıǵıwında hár bir oqıwshı óz  pikirlerin aytıwına boladı,  pikirin aytıw múmkinshiligi beriledi. Bul, álbette, oqıwshıda qızıǵıwshılıq payda etedi, sabaqtan jalıqtırmaydı.

**Kelbetliktiń gáptiń ekinshı dárejelı aǵzaları xızmetinde keliwin oqıtıw**

Qaraqalpaq tilinde gáptiń ekinshı dárejelı aǵzalarına anıqlawısh, tolıqlawısh, pısıqlawısh kiredi. Usı haqqında aytıp ótip muǵallim kelbetliktiń gáptiń ekinshi

dárejeli aǵzalarınıń xızmetinde keliwin túsindiredi.

**Kelbetliktiń anıqlawısh xızmetin oqıtıw**

Muǵallim oqıwshıǵa kelbetliktiń anıqlawısh xızmetinde júdá ónimli hám kóp qollanılatuǵının ayrıqsha atap kórsetip túsindirip beriwı kerek. Kelbetliktiń anıqlawısh xızmetinde keliwin oqıtıwda muǵallim hár qıylı metodlardan paydalanıwına boladı. Bunday usıllardan, metodlardan paydalanıwdıń nátiyjesinde sabaq oqıwshılarǵa júdá qızıqlı hám este qalarlıqtay bolıp ótedi.

Kelbetliktiń sintaksislik xızmetin muǵallim klaster usılınan paydalanıp túsindiriwi, bunda anıqlawıshtıda kórsetiwı múmkin.




Kelbetliktiń gápte anıqlawısh xızmetin atqarıwın  bir neshe mısallar menen túsindiriwine boladı: Baǵda **qızıl, sarı hám sulıw (qanday?) gúller** bar. Meniń kishkene **(qanday?)** úkem bar. Anam maǵan qızıq **(qanday?) ertek aytıp berdi.**

Oqıwshı **keshegi (qaysı?)** tapsırmanı orınladı. Alıstan **uzın boylı (qanday?)** adam kórindi. Bul mısallardan kelbetliktiń anıqlawısh sıpatındaǵı sintaksislik xızmetlerin túsindirip bolǵannan keyin, temanı «romashka» metodı arqalı bekkemlewge boladı. Bunda oqıwshılar menen jeke islesiwge múmkinshilik boladı. Sebebi, bul metodta toparlar arasında jumıs alıp barılmaydı. Hár bir oqıwshıǵa bir romashka gúlinen tarqatıp shıǵıladı hám temaǵa baylanıslı kelbetliktiń anıqlawısh xızmetinde keliwin oqıwshılardıń ózleri mısallar tawıp jazadı. Tapsırmanıń shártin túsindirip, oqıwshınıń túsinbegen sorawlarına juwap beriw kerek.

«Romashka» metodı arqalı oqıwshılardıń oylaw, pikirlew qábiletin rawajlandırıwǵa boladı, sonıń menen birge oqıwshınıń jeke óziniń ústinde islewine túrtki boladı, múmkinshilik beredi. Bul metodtan paydalanıp oqıwshınıń temanı qalay ózlestirgenin biliwge boladı. Tapsırmanıń orınlanıwı menen romashka gúllerin jıynap alıp, olarǵa tallaw jasap, kimniń qalay orınlaǵanın ajıratıp kórsetiw bahalaw kerek. Eger de túsinbegen oqıwshı bolsa taxtada jáne jazıp kórsetip túsindiriwge boladı. Demek. bul metodtıń áhmiyetı sonda, túsinbegen oqıwshını anıqlawǵa hám oǵan qosımsha túsindirip beriwge múmkinshilik boladı.

**Kelbetliktiń tolıqlawısh xızmetin oqıtıw**

Kelbetlikler gáptiń ekinshı dárejeli aǵzalarınıń biri bolǵan tolıqlawıshtıńda xızmetin atqaradı. Tolıqlawısh is-háreketti zatlıq mánide túsindiretuǵın ekinshi dárejeli aǵza ekeni, haqqında ayta kelip muǵallim oqıwshıǵa kelbetlik te tolıqlawısh xızmetin atqaratuǵının túsindirip beredi. Bunda mınaday mısallardan paydalansa boladı.

**Ashshı menen dushshını (neni?)** tatqan biler,

**Alıs penen jaqındı (neni?)** jortqan biler.

Jamannan (kimnen?) qash, jaqsıǵa (kimge?) jantas. (Naqıl-maqallar)

Xalıq **ónerlini** (kimdi?) húrmet etedi.

Muǵallim kelbetliktiń tolıqlawısh xızmetin atqarıwı ushın substantivlesip keletuǵının atap kórsetiwı tiyis.

Bul temanı oqıtıwda, bizińshe, «haywanatlar álemi» usılınan paydalanıwǵa boladı. Bunda muǵallim hár qıylı haywan hám jánliklerdiń súwretiniń artına sorawlar jazıp qoyadı. Bul súwretlerdı plakatka ildirip, plakattı taxtaǵa qıstırıp qoyadı. Muǵallim klassta kishı toparlardı dúzip, olardıń hár birinen bir oqıwshıdan shaqırıp, sorawlarǵa juwap beriwin soraydı. Juwap bergen oqıwshılardı jetonlar menen bahalawǵa boladı. Bul jetonlardı sanap, olardan qızıl ( 5 ), kók ( 4), sarı( 3 ) bahaların sanap, anıqlap nátiyjesi menen tanıstırıp bahalaw kerek. Bul usıl balalardı shaqqanlıqqa úyretiw menen birge olardıń bilim dárejesin anıqlawǵa járdem beredi, este saqlaw qábiletin de rawajlandıradı.

**Kelbetliktiń pısıqlawısh xızmetin oqıtıw**

Kelbetlik zattıń belgisin bildirip anıqlawısh bolsa, is-hárekettiń belgisin bildirip kelgende pısıqlawısh xızmetin atqaradı. Muǵallim usı pikirdı atap ótip, kelbetliktiń is-hárekettiń sınlıq, sapalıq belgilerin kórsetip kelgende pısıqlawısh xızmetin atqaratuǵının mısallar menen túsindiredi. Bunda mınaday gáplerden paydalansa boladı.

Ol jumısların **únsiz** (qalay?) isley berdi.

Murat **jaqsı** (qalay?) woqıydı.

Sol qız kitapların júdá **taza, azada** tutadı.

Solay etip, muǵallim kelbetliktiń gáptiń bas aǵzaları menen ekinshi dárejeli aǵzalarınıń xızmetinde keliwin usılayınsha sáykes hám nátiyjelı usıllardan paydalanıw arqalı túsindirip beredi, oqıwshınıń bilimin jańa materiallar menen bayıtıp baradı.

Demek, kelbetliktiń sintaksislik xızmetlerin oqıtıw da qaraqalpaq tiliniń morfologiyasın oqıtıwdaǵı, atap aytqanda, kelbetliklerdi oqıtıwdaǵı áhmiyetli máselelerdiń biri bolıp, ol sintaksis tarawı menen tıǵız baylanıslı  alıp barıladı.

## II Bap Kelbetlik feyil hám onı oqıtıw

Qaraqalpaq tiliniń morfologiya tarawına, sonday-aq, qaraqalpaq tilin oqıtıw metodikasına  qatnaslı jáne de máselelerdiń birı −  qaraqalpaq tiliniń úlken, grammatikalıq kategoriyalarǵa bay sóz shaqaplarınıń biri feyildiń  funkcional formalarınan biri esaplang’an  – kelbetlik feyil.

### 2.1.Kelbetlik feyil hám onıń tiykarǵı ózgeshelikleri

Qaraqalpaq tilindegi feyildiń bet bildirmeytuǵın formasınıń biri kelbetlik feyil bolıp,ol eki sóz shaqabınıń− feyil menen kelbetliktiń mánisin biriktirip keledi. Usı tárepi menen ol basqa feyillerden ayırılıp turadı. Kelbetlik feyiller tilde ónimli qollanıladı. Mısalı:

1.− Al, júr. Múmkin, dawıl **bılay shıqqannnan keyin** basılıp qal**ar**. (Ó.A.)2. Sennen sóz **soraǵan** kim bar, orsaqı? – dep jekirindi (H.Ó.)

3. Tur, kettik, pátiwasızlar menen salǵılasqan da gúná, tús aldıma, esersoq – dep maybóksege bir tepki berip, atqosshısın sırtqa shıǵardı. (H.ÓWó.)

4. Tońqıldasqan mayrıq kempir-ǵarrınıń **tatalaǵanlıǵına** moyın burmadı «toba, usınday nanın arqaǵa **taslaǵan** múkislerdı puxaram bar dep ózińdi otqa urarmısań, Tumaris?» dep saqalın tislep baratır. (H.Ó.)

Kelbetlik feyiller eki túrli ózgeshelikke iye bolıp keledi:

Birinshiden, is-háreket mánisinde kelgende dáreje, máhál kategoriyalarına,

bolımlı, bolımsız formalarına iye boladı hám bet-san affiksleri menen ózgeredi, seplik formaları hám tirkewishler menen kelgen atawısh sózlerdi basqarıp keledi.

Ekinshiden, kelbetlik mánisinde kelgende atlıq sózlerdi anıqlap anıqlawısh boladı, substantivlesip keledi hám seplik, kóplik, tartım affikslerin qabıl etedi. Usı eki sóz shaqabınıń ózgesheliklerine iye bolǵanlıqtan ol kelbetlik feyil dep ataladı.

Kelbetlik feyildiń anıqlawıshlıq xızmeti kóbinese, -qan/-ken, -ǵan/-gen, -tuǵın, -ar(-mas), -jaq, -(ı/-i) -wshı/-wshi, wlı/-wlı formalarında kóbirek ushırasadı. N.A.Baskakov, D.S.Nasırov kelbetlik feyildi izertledi. D.S.Nasırov kelbetlik feyildi máhál hám meyil boyınsha:

1) anıqlıq meyil semantikalı feyiller (ótken maháldegi -ǵan/-gen, házirgi keler máhál -tuǵın, keler máhál -(a/-e)r, -(a/e, y) jaq);

2) tilek-niyet meyil semantikalı kelbetlik feyiller[12] dep eki toparǵa bóledi.

Kelbetlik feyildi jasawshı arnawlı affiksler bar. Olar máhál kategoriyasına baylanıslı tómendegı toparlarǵa bólinedi:

1. Ótken máhál kelbetlik feyil formaları: -qan/-ken, -ǵan/-gen;

2. Keler máhál kelbetlik feyil formaları: -ar/-er, -mas/-mes, -a/-e, -y/ jaq, -(a/-e,-y)/tuǵın, -maqshı/-mekshı(-paqshı/-pekshi, -baqshı/-bekshi);

3. Házirgı máhál kelbetlik feyil formaları: (-a/-e, -y), -ıp/-ip, -p+ turǵan, júrgen, otırǵan, jatırǵan sıyaqlı feyil formaları.

Biz bul kelbetlik feyil formalarınıń túrlerin mısallar menen aldına toqtap ótpekshimiz.

---

[12] Насыров Д.С.Қарақалпақ тиилнде келбетлик фейил. 1964, 15-бет.

**Ótken máhál kelbetlik feyil formaları.1. -Qan/-ken, -ǵan/-gen** ótken máhál kelbetlik feyil formaları bolımsız formada -maǵan/-megen túrinde jáne analitikalıq formada edi tolıqsız feyili menen dizbeklesip keledi. Gápte hár qıylı sintaksislik xızmetler atqaradı.

**-Qan/-ken, -ǵan/-gen** formalı **k**elbetlik feyil gápte dara aǵza hám toplam túrinde keledi. Mısalı:

1. **Duwbaq ulın patshanıń oq kózinen tasalap qalǵan** kempir máz-mayram, qatınparaz balasınıń– Úlpettiń bolsa **jılqısı tawǵa shıqqan,** onıń júregi qanasınan shıǵa jazladı, oyınshıq pa saǵan, patshanıń ózi menen dawabıylasıw. (H.Ó.)

2. **Shoyrılıp qalǵan** júktiń tasasında **otırǵan** *saydawılday jigit* kózge shúyeldey. − Balańba? (H.Ó.)

3. «Deydi-deydi» degen ezim-sezim ǵáremetti Káyxısrawdıń dilwar ayǵaqshıları da yeteklep tarqatıp ketisinen **tabanına qoz basılǵanı** azday, el ortasındaǵısıń ıranarǵa sırqas joq, qılarǵa talap joq, ǵarrı-ǵurtańnıń sıbırlısı da qulaqtı tırnamaqta. (H.Ó.)

**-Qan/-ken, -ǵan/-gen** formalı kelbetlik feyillerdiń gápte aǵza sıpatında wónimli xızmet atqaratuǵının kóriwge boladı. Olar gáptiń bas aǵzalarınıń hám ekinshı dárejeli aǵzalarınıń xızmetlerin atqarıp keledi:

Gáptiń bas aǵzalarınıń xızmetinde keledi:

a) Gápte aytılǵan oy-pikirdiń iyesin bildirip, baslawısh bolıp keledi. Mısalı:

1. **Asıqpaǵan (kim?)** arbalı qoyanǵa jetedi. (Maqal)

2. **Shımshıqtan qorqqan (kim?)** tarı ekpeydi. (Maqal)

3 **«Tumardı urlap ketkenbish» degendide arbalap, dorbalap elge jayǵan** áńkey ósekparaz. (H.Ó.)

b) **-Qan/-ken, -ǵan/-gen** formalı kelbetlik feyiller gáptiń iyesiniń is-háreketin, háreketlik belgisin bildirip kelip, bayanlawısh aǵza xızmetinde keledi. Mısalı:

1.Qızıl júzli jigittiń qızarǵanı – **ólgeni (ne qılǵanı?).** (naqıl) Bul naqılda ólgeni kelbetlik feyili gáptiń bayanlawıshı xızmetin atqarıp kelgen.

2.Ol keshe **kelgen (ne qılǵan?).**

**-Qan/-ken, -ǵan/-gen** formalı kelbetlik feyiller gáptiń ekinshi dárejeleri aǵzalarınan anıqlawısh, tolıqlawısh, pısıqlawıshtıń xızmetlerin atqarıp keledi.

a) Gáptegi iyeniń, ob`ekttiń, atawısh sózler arqalı bildirilgen bayanlawıshtıń belgisin bildirip anıqlawısh bolıp keledi. Mısalı: 1. **Qolına kitap uslaǵan** bala kiyatır.

2. Sol tamırsız sózdi de joqqa shıǵarıw ushın dembe-dem qara puxaraǵa kórinis bermek, Olar menen bir et pisirim mulaqatta bolmaq, olardıń xawlıqlalarınıń ókpesi awzına taqalǵan shaqlarda táselle bermek te bunıń **qolǵa qaraǵan** qara jumısınan. (H.Ó.)

3. Ele **ırbańlaǵan** dushpannıń qarası kórinbey atırıp, ózli-ózi basqıtapqan ıqpalardıń, ǵawal gápi arqaǵa ayazday batpaqta. (H.Ó.)

4. Jayshılıqta kesel-sawǵa kóz toqtatıp qarar edi, házir jaw menen dusma-dus kelgende, esalań bolsa da, **eki ayaqqa mingen** tiri massaget qádirli. (H.Ó.)

Berilgen gáplerde q**olına kitap uslaǵan** (bala), **qolǵa qaraǵan** (jumıs),

**ırbańlaǵan** (dushpan), **eki ayaqqa mingen** (massaget) qanday? qaysı? sorawlarına juwap berip, baslawıshqa, tolıqlawıshqa, atawısh bayanlawıshqa qatnaslı anıqlawısh xızmetinde kelgen. Bul anıqlawıshlar qurılısı jaǵınan hár qıylı bolıp, olar dara, qospa hám keńeytilgen anıqlawıshlardan ibarat.

b) **-Qan/-ken, -ǵan/-gen** formalı kelbetlik feyiller hár qıylı seplik formaları menen hám de kómekshi sózlerden tirkewishli kelip tolıqlawısh xızmetin atqarıp keledi. Mısalı:

1.Tumaris bir puxarasınıń **awırın jeńilletkenine** más. (H.Ó.)

2.Arbası jolda otın bolıp, qıyrap qalǵan dúńyaparaz Shámen menen onıń kópshiklesi bır da tap patsha abısınnıń ózi **el aralap shıqqanda jol-jónekey duslasqanǵa** sheshesi ul tapqanday shadıman. (H.Ó.)

3.Molla **bilgenin** oqıydı,

Tawıq **kórgenin** shoqıydı. (maqal)

v) **-Qan/-ken, -ǵan/-gen** formalı kelbetlik feyiller is-hárekettiń hár qıylı belgilerin bildirip kelip pısıqlawısh aǵza xızmetin atqaradı. Mısalı:

1. **Kórgende** tanıdı.
2. − Al, júr. Múmkin, dawıl **bılay shıqqannan keyin** basılıp qal**ar**. (Ó.A.)

Qospa gáptiń jay gápiniń bayanlawıshı bolıp keledi. Mısalı:

Bir qolıńdı eki ete almay, albıraǵan órdek bolıp, **aldı-artıńnan súńgip atırǵanında,** shıbınnıń ızıldısı qulaqqa jaqpas, sen tún uyqıńdı tórt bólip, qalayınsha sol qabaq baslardı aman alıp qalmaqqa jansebilseń, Olar bolsa senıń

asaqlaydı, táwbe,  adam zattıń tiline terisken shıqqan ba ózi? (H.Ó.)

Adam atlarında ushırasadı: Raxmanbergen, Nurbergen,Aytolǵan hám t.b.

Solay etip, qaraqalpaq tilinde **-qan/-ken, -ǵan/-gen** formalı kelbetlik feyiller ańlatatuǵın mánileri, sintaksislik xızmetleri, qollanılıw ónimliligi menen ajıralıp turadı.

**Keler máhál kelbetlik feyil formaları.**Qaraqalpaq tilindegi keler máhál kelbetlik feyil formaları ózine tán ózgeshelikleri menen onıń basqa formalarınan ajıralıp turadı.

1. **-Ar/-er, -mas/-mes formaları keler** máhálde boljawlı mánı bildiredi. Gápte sintaksislik xızmet atqaradı

–Ar/-er, -r, -mas/-mes formalı kelgen kelbetlik feyiller  is-háreket mánisin boljap kórsetedi, bolıw-bolmawı yamasa orınlanawı– orınlanbawı anıq bolmaǵan is-háreketlerdi bildiredi. Mısalı:

Senińde teńiń tabılar. (T.Qayıpbergenov) Asqabaq-qawın **piser,** bizge de isiń **túser.** (naqıl)  Bul gáplerdiń feyil arqalı bildirilgen bayanlawıshında boljaw, shamalaw mánilerı bar.

Al, -a**r/-er** formaları edi, eken, emes sıyaqlı tolıqsız feyiller menen kelip, gápte bayanlawısh xızmetin atqaradı. Esitkende **keler edi.**

a) Gápte aytılǵan oy-pikirdiń iyesiniń is-háreketin bildirip bayanlawısh bolıp keledi. Mısalı:

Aman bolsa hal **sorasar** bir kelip,

Xosh aman bol bizden qaldıń, Bozataw. (Ájiniyaz)

Hesh qashan jaman ózin jaqsıdan kem sanamaydı, mıń jamanlar jóninde

áńgime qıla ber, báribir olar basqalarǵa qıyanet qıla beredi, jaqsıǵa qaraǵanda iplas bárha bay jasar, udayı tamaǵı **toq bolar.** (H.Ó.)

Bul kirlep ketken góne dúńyada seniń qıyanet qılmaslıǵıńa tuwǵan anańda **isenbes** eken, ne sebepten óz *gewdeńdi ózıń tiklep júrmeyseń*? (H.Ó.)

b) Gáptiń iyesiniń yaǵnıy baslawıshtıń, gápte is-háreket qaratılǵan ob`ekttiń yaǵnıy tolıqlawıshtıń hám atawısh bayanlawıshtıń belgisin bildirip kelip gáptiń anıqlawısh aǵzasınıń xızmetin atqarıp keledi. Mısalı:

1 **Tıńlar** qulaq joq.

2. Házir **sóyler** awızǵa ońay,ol máwritlerde kirpigı ayqaspay túnler úyqısız ótken, ózine asılǵan suwtaqaylardıń sazayın bere almay, ishi ǵıj-ǵıj qaynaǵan biygúná qız bala shalpası bar ótirikshilerge miyrasxorın shaljalaǵa saldırǵan anasınan da kewli qalıp, ózin ızaxor patsha ana súrginge jibertkende, dalanǵa shıńǵıtqanda da shalǵayda ábisáreńlikte qalǵan. (H.Ó.)

3. Shalımlı dóhmetkeshler miyrasqa **talasar** appaq ayımnan qutılǵan sońerme ǵarrı nashardıń ózine de ór qazbaqqa kirisken, ózleriniń shaǵlaspasında Palqumar ózin taxt biykesi sanap masayraǵan. (H.Ó.)

4. Dúzde qańǵırıp qalǵan, iyt-qusqa jemge taslanǵan Tumaris bolsa túńilip, ózide ólimdi **izler** sarsankesek shaqları edi. (H.Ó.)

5. Qısqı sıranlarda joq-juqalar tońbasın dep ǵáziyne xanadaǵı sheberler tikken postınlardan, terikiyimlerden qolı juqalarǵa **úlestirgizer,** qısqı soǵımǵa qarasıq **qılar,** dán-pánnen de payın jiberip **turar** el iyesine báribir Shınara ókpeli. (H.Ó.)

Bul gáplerde kelbetlik feyiller dara hám keńeytilgen anıqlawıshlardıń xızmetlerin atqarıp tur.

v) **-** Ar/-er, -r, -mas/-mes formalı kelbetlik feyiller is-hárekettiń ob`ektin kórsetip kelip tolıqlawısh aǵza xızmetin atqaradı. Mısalı:

Ne qılarımdı bilmey turman.

g) **- Ar/-er, -r,** -mas/-mes formalı kelbetlik feyiller hár qıylı seplik formaları menen  hám de kómekshi sózlerden tirkewishli kelip tolıqlawısh xızmetin atqarıp keledi. Mısalı:

Sılaw mayın jaǵıp, oǵan xabarshılarǵa júyrik atlar kerekligin, maydanlardı baylanıstırmaqka tek samaldan júyrik shabıs atlarıǵana **jararın** túsindirdi. (H.Ó.)

Ayırım atawısh sózlerde zat mánisin bildiredi: kesh piser, ayǵa baǵar, betashar hám t.b.

Solay etip, **- ar/-er, -r,** -mas/-mes formalı kelbetlik feyiller is-háreket mánisin boljap kórsetedi, bolıw-bolmawı yamasa orınlanawı- orınlanbawı anıq bolmaǵan is-háreketlerdi bildiredi, gáptiń har qıylı aǵzalarınıń xızmetlerin atqarıp keledi.

2. -Tuǵın forması tur+ǵan túrindegı shıǵısı menen belgili.  -A, -e, -y formalı hal feyillerge jalǵanıp, keler máhál kelbetlik feyillerin jasaydı. Olar substantivlesip,  seplik, betlik, tartım affikslerin qabıl etedi, betlik affikslerı menen ózgermeydi, tek tolıqsız feyil hám kómekshi feyiller menen kelip betlik affiksleri menen ózgeredi. Bunda betlik affiksleri kómekshi sózlerge qosıladı. Gápte hár qıylı sintaksislik xızmetler atqaradı. tiykarınan, bayanlawısh xızmetinde keledi. Mısalı:

1. Qasarısqan asaw dárya hesh kimdide, hesh nársenide **tıńlaytuǵın** emes. (K.S.)

2.Ol búgin **keletuǵın** shıǵar.

Házirgi qaraqalpaq tilinde feyil sózler tek ǵana jay feyil bayanlawıshlardı

payda etip qalmastan, qospa feyil bayanlawıshlar túrinde de jumsaladı. Bunda qospa feyiller menen sostavlı feyiller qospa feyil bayanlawıshtıń xızmetin atqarıp keledi. Sonıń menen birge, xızmetı jaǵınan birin ekinshisinen bólip alıp qarawǵa bolmaytuǵın hám gáp aǵzalarına bólinbeytuǵın eki yamasa onnan da kóp feyil sózlerdiń dizbeklerinen qospa feyil bayanlawıshlar bildiriledi. Mısalı:

Sonıń ushın onı ya baslıq, ya awılkeńes etip qoyatuǵın shıǵar. (K.S.)

Demek, -tuǵın formasınıń basqa formalardan ózgesheligi sonnan ibarat,ol kóbinese, bayanlawısh aǵza bolıp keledi.

3. -A/-e, y/ + jaq, -(a/-e,-y)/tuǵın forması forması keler máhál kelbetlik feyili bolıp, ataw formasında atributivlik mánide keledi. Mısalı:

a) baslawısh boladı. Bolajaǵı ushın jan kúydirdi.

b) bayanlawısh: Erteń azanda ketejaq. **Barmayjaq** boldı, biraq jáne oylandı.

v) anıqlawısh: **Barajaq** jerı júdá alıs eken.

4. -Maqshı/-mekshı(-paqshı/-pekshi, -baqshı/-bekshi) forması háreket atı feyiliniń-maq/-mek affiksine kásip mánisindegi -shı/-shı qosımtalarınıń qosılıwınan jasalǵan. Bolımsız forması emes sóziniń dizbeklesiwinen bildiriledi. Bul feyil formaları menen kelgen birlikler hár qıylı gáp aǵzalarınıń xızmetlerı atqaradı.

a) Anıqlawısh xızmetin atqaradı: **Aytpaqshı** gápin jaqsı biledi.

b) Bayanlawısh xızmetinde keledi: Murat mektepte **oqımaqshı.** Keshe anasına **aytpaqshı** edi.

3. Házirgi máhál kelbetlik feyil formaları: (-a/e, y), -ıp/-ip, -p turǵan, júrgen, otırǵan, jatırǵan sıyaqlı feyil formaları. Bul feyil formaları házirgi máhál mánisin bildirip keledi hám kóbinese bayanlawısh xızmetin atqaradı.

## 2.2. Kelbetlik feyil hám onıń formaların oqıtıw

Qaraqalpaq tilin oqıtıwdıń anıq belgilengen baǵdarlaması qaysı klassta qanday materialdı oqıtıw zárúr ekenin kórsetedi, oqıtıwdıń aldında turǵan talaplardı, oqıwshı iyeleytuǵın ilimiy hám tárbiyalıq wazıypaların anıqlaydı, belgilengen materialdı oqıwshılardıń dóretiwshilik penen ózlestiriwin jáne ámeliy jaqtan durıs qollanıw kónlikpelerin qáliplestiredi, oy-pikir, túsiniklerin rawajlandırıwǵa keń múmkinshilik jaratadı.

Kelbetlik feyildı oqıtıwda soraw-juwap, gúrriń, túsindiriw, leksika-grammatikalıq tallaw, analiz-sintez usılı, morfologiyalıq tallaw, shınıǵıw boyınsha óz betinshe jumıslar, sabaqlıq ústinde islew, kórsetpelilik (keste, sxema, mısallar) t.b. salıstırmalılıq usıllarınan, sonday-aq, «soraw sizge», «aqılıy hújim», «klaster», «blic-sorawnaması», «romashka» hám t.b. sıyaqlı kóplegen interaktiv usıllar menen shınıǵıwlardan paydalanıw oqıwshınıń temanı tolıq hám durıs ózlestiriwinde jaqsı nátiyje beredi.

Qaraqalpaq tilindegıfeyil sózler, atap aytqanda, feyildiń funkcional formalarınıń birı kelbetlik feyil belgilıorın iyeleydi. Kelbetlik feyildı oqıtıwdıńda ózine tán juwapkershiligı bar. Muǵallim woqıwshıǵa kelbetlik feyildiń tiykarǵı belgisin túsindiredi:

1. zatlıq mánige iye bolıp keliwi;

2. háreketlik mánige iye bolıp keliwi

Muǵallim oqıwshıǵa usı ekı belgige, ekı sóz shaqabına tán belgilerge iye

bolatuǵın feyil sózdiń kelbetlik feyil ekenligin túsindirip beredi. Bunda muǵallim tómendegı nárselerge itibar beredi:

birinshiden, atlıq sózler  sıyaqlı seplenedi, tartımlanadı, kóplik qosımtaların qabıl etedi;

ekinshiden, feyil sózler  sıyaqlı máhál, dáreje, túr, meyil kategoriyalarına iye bolıp keledı jáne betlenedi.

Usınday belgilerine qaray kelbetlik feyildiń tiykarǵı leksika-grammatikalıq mánilerin túsindiriw ushın kelbetlik feyil jasawshı qosımtalardıń tek feyillerge ǵana qosılıp, onnan kelbetlik feyil jasaytuǵının mısallar menen kórsetip beredi.

Al, atlıqqa tiyislı qosımtalardı qabıl etiwi, zatlıq mánı bildiriwı onıń dáslepkı háreketlik mánisin bir otala joǵaltıp jibermeytuǵının, tek atlıq sózdińornına qollanılatuǵının jáne de sıpatlı, túsiniklı mısallar menen salıstırıp, túsindiriwi, úyrentiwı maqsetke muwapıq  boladı. Bunıń ushın muǵallim mısallardı durıs tańlap alıwı tiyis. Máselen:

Murat mektepte jaqsı bahalarǵa oqıǵan.

Jaqsı bahalarǵa oqıǵanlar úlken tabıslarǵa erisedi.

Kelbetlik feyildıbir saatta úyretiw jetkiliksiz. Sonıń ushın onı úyreniwge baylanıslı ajıratılǵan ekinshı saatta  onıń feyilge tán ózgesheliklerin túsindiriw maqul. Bunıń ushın muǵallim onıń feyil sóz sıpatında bolımsız mánilerde keliwi, bet hám  máhál mánilerine iye bolıwı sıyaqlı táreplerin túsindirip beredi.

«Soraw sizge» usılında oqıwshılardıń kelbetlik feyildiń sintaksislik

xızmetleri, bas aǵzalar hám ekinshı dárejelı aǵzalar xızmetinde kelgenligin qalay túsingenin, ózlestirgenin anıqlawǵa, biliwge boladı. Bunda oqıwshı óziniń sabaqlıǵında berilgen qaǵıydaǵa súyenip pikirlerin bildiredi, sonda aljasqan,

túsinbegen jerı bolsa túsinedi. Bunday usıllardı paydalanǵanda hesh bir oqıwshı da dıqqatttan shette qalmaydı, sabaqqa qızıǵıwshılıǵı artadı, qatnasıp otırıwǵa háreket etedi. Bular oqıwshınıń oy-pikirin ósiriwge úlken rol` atqaradı. Bul usıl menen kelbetlik feyildiń basqa da sintaksislik xızmetlerin anıqlawǵa boladı. Bul usıl «aqılıy hújim» metodı menen uqsas bolıp keledi.

«Soraw sizge» usılı arqalı oqıwshılardıń kelbetlik feyildiń sintaksislik xızmetleri, sonıń ishinde, baslawısh xızmetinde kelgenligin qalay túsingenin, ózlestirgenin anıqlawǵa, biliwge boladı. Demek, bunda oqıwshı óziniń sabaqlıǵında berilgen qaǵıydaǵa súyenip pikirlerin bildiredi, aljasqan jerı bolsa túsinedi. Bunday usıllardı paydalanǵanda hesh bir oqıwshı da shette qalmaydı. Sabaqqa qızıǵıwshılıǵı artadı. Oǵan qatnasıp otırıwǵa háreket etedi. Bulardıń bárı oqıwshınıń oy-pikirin ósiriwge xızmet etedi. Bul usıl menen kelbetlik feyildiń basqa da sintaksislik xızmetlerin anıqlawǵa boladı. Bul usıl «aqılıy hújim» metodına jaqın keledi.



## Juwmaq

Biziń pitkeriw qánigelik jumısımızda qaraqalpaq tilindegi bir-biri menen óz-ara uqsas bolg’an ekı sóz shaqabı – kelbetlik hám kelbetlik feyillerge tallaw jasaldı jáne olardıń ayırım ayırım temaların oqıtıwǵa baylanıslı usıllar, metodlar sóz etildi hám sonıń nátiyjesinde tómendegi juwmaqlar alındı.

Qaraqalpaq tilindegi kelbetlikler − hár qıylı sapanı, belgini bildiretuǵın sóz shaqabı. ol tildiń barlıq túrdegi qarım-qatnas formalarında jiyı paydalanıla beredi. Olar zattıń, qubılıstıń, waqıyanıń qanday da bir belgisin bildiredi. Kórkem ádebiyatta shıǵarma qaharmanların, personajlardı, basqa da qus, haywan, ósimlikler dúńyasın sıpatlawda kórkem-súwretlewshilik xızmet atqaradı.

Kelbetliktı oqıtıw qaraqalpaq tilı metodikasındaǵı áhmiyetlı máselelerdiń biri. Qaraqalpaq tilindegı kelbetlik ózine tán ózgesheliklerine, dáreje kategoriyasına iye sóz shaqabı, onıń sintaksislik xızmetıde hár qıylı, sonlıqtan bul temanı túsindirgende oqıtıwshıdan dóretiwshilik qatnas, sheberlik talap etiledi.

Kelbetlik sózlerdı ótkende muǵallim onıń barlıq leksika-semantikalıq hám leksika-grammatikalıq ózgesheliklerine, eńsıpatlı belgilerine tiykarǵı dıqqattı awdara biliwı tiyis. Sóytip,ol oqıwshılarǵa − kelbetlik sózlerdıbasqa sóz shaqaplarınan ajırata biliw; kelbetlikke tán ayırmashılıqlardı basqa sóz shaqaplarına tán belgilerden durıs ayıra biliw; kelbetliktiń leksika-grammatikalıq ózgesheliklerin biliw; kelbetlik penen ráwishtiń ayırmashılıǵın durıs parqlaw; kelbetliktiń túrlerin biliw; kelbetliktiń jasalıwın biliw; kelbetliktiń sintaksislik

xızmetlerin úyreniw hám t.b. sıyaqlı teoriyalıq bilim menen kónlikpe payda

etiwı tiyis.

Oy-pikirdı tıńlawshıǵa jetkeriwde kelbetliklerdiń áhmiyetin sonday-aq, oǵan uqsas yamasa jaqın bolǵan atlıq, feyil, sonıńishinde, kelbetlik feyildı úyreniwine, durıs túsiniwine tiykar jaratıwı zárúr.

Kelbetlik mekteptiń 5-klasında úyretilgende, tiykarǵı maqset − kelbetliktiń leksikalıq mánileri, morfologiyalıq ózgeshelikleri− jasalıwı, dárejeleri, sintaksislik xızmetlerı boyınsha teoriyalıq bilim beriw hám ámeliy kónlikpe payda etiwden, sonday-aq, oqıwshılardıń kelbetliktı basqa sóz shaqaplarınan − atlıq, sanlıq, feyil, ásirese, kelbetlikke jaqın bolǵan kelbetlik feyil menen ráwishten qıynalmastan

ayırıp biliwine tiykar jaratıw bolıp esaplanadı. Oqıwshıda kelbetliktiń sın-sımbat, reń-tús, qásiyet hám t.b. sıyaqlı zatlardıń hár qıylı sınlıq, sapalıq belgilerin bildiriwi, ózine tán jasalıw usılları menen sóz jasawshı qosımtalardıń bolatuǵını, gápte qanday da bir sintaksislik xızmet atqarıp keletuǵınlıǵı boyınsha kónlikpe qáliplestiriw zárúr.

Kelbetliktı oqıtıwda soraw-juwap, gúrriń, túsindiriw, leksika-grammatikalıq tallaw, analiz-sintez usılı, morfologiyalıq tallaw, shınıǵıw boyınsha óz betinshe jumıslar, sabaqlıq ústinde islew, kórsetpelilik (keste, sxema, mısallar) t.b. salıstırmalılıq usıllarınan, sonday-aq, «soraw sizge», «aqılıy hújim», «klaster», «blic-sorawnaması», «romashka» hám t.b. sıyaqlı kóplegen interaktiv usıllar menen shınıǵıwlardan paydalanıw jaqsı nátiyje beredi.

«Kelbetliktiń jasalıwı» temasın ótiwde onıń hár qıylı usıllar menen jasalatuǵının, sonday-aq, tek sóz jasawshı qosımtalar menen jasalıp qalmastan,

sózlerdiń bir-birımenen dizbeklesip yamasa tákirarlanıp bolmasa juplasıp keliwı arqalı da jasalatuǵının, bunda belgilıbir sóz shaqapları ónimlı qatnasatuǵının mısallar menen hár qıylı nátiyjelı usıllardan paydalanıp úyretiw maqsetke muwapıq boladı.

«Qospa kelbetlikler» temasında dórendı kelbetlikten ayırmashılıǵın, qospa kelbetliktiń jasalıw usılı boyınsha túrlerin − birikpegen qospa kelbetliktı hám jup kelbetliktı taptırıp, olardı baǵana sızıp ekı jaǵınan bólek kóshirip jazdırıwına boladı. Bunda ápiwayı, sıpatlı mısallar tańlaw kerek.

«Kelbetliktiktiń dárejeleri» temasında muǵallim kelbetliktiń úsh túrlı dárejege iye bolatuǵının aytıp, túsindirip bergennen keyin hár bir dárejeniń

ózgesheligin  tablicada kórsetip beriwine boladı. Hár bir dárejeniń ózine tán ózgesheligin, olardı jasawshı qosımtalardı mısallar menen gáp ishinde keltirip túrlı usıllardıń járdeminde dóretiwshilik penen túsindirse, oqıwshı teoriyalıq bilim hám ámeliy kónlikpe alıwǵa erisedi. Bul muǵallimniń miynetiniń tiykarǵı nátiyjesı bolıp esaplanadı.

«Kelbetliktiń sintaksislik xızmetleri» temasın oqıtıw da eń juwapkershiliklı máselelerdiń biri. Muǵallim kelbetliktı oqıtqanda onıń gáp aǵzası sıpatında gáp ishinde kelgende atqaratuǵın sintaksislik xızmetlerin úyretedi. Oqıwshı óz pikir, oyların erkin dúziwde hár bir sóz shaqabın gápte paydalanıwdı jaqsı biliwı tiyis. Bunda kelbetliktiń gáptegı bas aǵzalar hám ekinshı dárejelı aǵzalardıń xızmetin atqarıwındaǵı ózgesheliklerdı isenimli, durıs, ápiwayı, balanıń jas ózgesheligine sáykes mısallar menen jańa pedagogikalıq texnologiya usıllarınan, hár qıylı shınıǵıwlardan, oyınlardan, kórsetpelı qurallardan paydalanıp dóretiwshilik qatnas,

pedagogikalıq sheberlik penen túsindirse sabaq óziniń aldına qoyǵan maqsetene jetedı hám oqıwshı temanı teoriyalıq jaqtan da, ámeliy jaqtan da durıs meńgeredi.

Qaraqalpaq tiliniń morfologiya tarawına, sonday-aq, qaraqalpaq tilin oqıtıw metodikasına  qatnaslı jáne de máselelerdińbirı − qaraqalpaq tiliniń úlken, grammatikalıq kategoriyalarǵa bay sóz shaqaplarınıń birı feyildiń funkcional formalarınan birı esaplang'an  kelbetlik feyil  hám onı oqıtıwǵa baylanıslı máselelerdı pitkeriw qánigelik jumısımızda tallaw arqalı tómendegı juwmaq alındı.

Qaraqalpaq tilı sóz shaqapları sistemasında feyil sózler tiykarǵı leksikalıq mánileri, kategoriyaları, sintaksislik xızmetlerı menen ajıralıp turadı.  Qaraqalpaq

tilindegi sóz shaqaplarınıń ishinde kategoriyalarǵa, formalarǵa bay sóz shaqaplarınan esaplanǵan feyildı hám onıń bir forması kelbetlik feyildı biliwde, úyreniwde hám oqıtıwda muǵallimnen tereń bilim hám tájiriybe talap etiledi.

Feyildiń funkcional formaları onıńbasqa formalarınan, kategoriyalarınan, túrlerinen ózine tán ózgesheliklerge iye. Feyildiń bet bildirmeytuǵın formasınıń birı yamasa atributivlik-anıqlawıshlıq forması kelbetlik feyil bolıp,ol ekı sóz shaqabınıń− feyil menen kelbetliktiń mánisin biriktirip keliwı menen basqa feyillerden ayırılıp turadı. Olar ekı túrlı ózgeshelikke iye:

1) is-háreket mánisinde kelgende dáreje, máhál kategoriyalarına, bolımlı, bolımsız formalarına iye boladı hám bet-san affiksleri menen ózgeredi, seplik formaları hám tirkewishler menen kelgen atawısh sózlerdı basqarıp keledi.

2) kelbetlik mánisinde kelgende atlıq sózlerdı anıqlap anıqlawısh boladı, substantivlesip keledı hám seplik, kóplik, tartım affikslerin qabıl etedi. Usı eki sóz

shaqabınıń ózgesheliklerine iye bolǵanlıqtan ol kelbetlik feyil degen atama menen júritiledi.

Kelbetlik feyildı jasawshı arnawlı affiksler máhál kategoriyasına baylanıslı tómendegı toparlarǵa bólinedi:

1. Ótken máhál kelbetlik feyil formaları: -qan/-ken, -ǵan/-gen;

2. Keler máhál kelbetlik feyil formaları: -ar/-er, -mas/-mes, -a/-e, -y/ jaq, -(a/-e,-y)/tuǵın, -maqshı/-mekshı(-paqshı/-pekshi, -baqshı/-bekshi);

3. Házirgı máhál kelbetlik feyil formaları: (-a/-e, -y), -ıp/-ip, -p+ turǵan, júrgen, otırǵan, jatırǵan sıyaqlı feyil formaları.

Kelbetlik feyildı oqıtıwda soraw-juwap, gúrriń, túsindiriw, leksika-grammatikalıq tallaw, analiz-sintez usılı, morfologiyalıq tallaw, shınıǵıw boyınsha óz betinshe jumıslar, sabaqlıq ústinde islew, kórsetpelilik (keste, sxema, mısallar) t.b. salıstırmalılıq usıllarınan, sonday-aq, «soraw sizge», «aqılıy hújim», «klaster», «blic-sorawnaması», «romashka» hám t.b. sıyaqlı kóplegen interaktiv usıllar menen shınıǵıwlardan paydalanıw oqıwshınıń temanı tolıq hám durıs ózlestiriwinde jaqsı nátiyje beredi.

Muǵallim oqıwshıǵa kelbetlik feyildiń tiykarǵı belgisin túsindiredi:

1. zatlıq mánige iye bolıp keliwi;

2. háreketlik mánige iye bolıp keliwi.

Muǵallim oqıwshıǵa usı ekı belgige, ekı sóz shaqabına tán belgilerge iye bolatuǵın feyil sózdiń kelbetlik feyil ekenligin túsindiriwde tómendegige itibar beredi:

birinshiden, atlıq sózler sıyaqlı seplenedi, tartımlanadı, kóplik qosımtaların qabıl etedi;

ekinshiden, feyil sózler sıyaqlı máhál, dáreje, túr, meyil kategoriyalarına iye bolıp keledı jáne betlenedi. Olardı mısallar menen kórsetip, formaların, mánilerin, jazılıwın, sintaksislik xızmetlerin túsindiredi. Usınday belgilerine qaray kelbetlik feyildiń tiykarǵı leksika-grammatikalıq mánilerin túsindiriw ushın kelbetlik feyil

jasawshı qosımtalardıń tek feyillerge ǵana qosılıp, onnan kelbetlik feyil jasaytuǵının mısallar menen kórsetip beredi.

.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1.Azizxojaeva N.N. Pedagogik texnologiyalar va pedagogik maxorat, Toshkent, 2006.

2.Aymurzaeva Á. Qaraqalpaq tilindegı kelbetlik hám kelbet feyillerdiń substantivlesiwi. Nókis, «Bilim», 1992.

3. Baskakov N.A. Karakalpakskiy yazık (chastırechıslovoobrazovaniya). Moskva, 1952.

4. Bekbergenov A. Qaraqalpaq tilinde sózlerdiń jasalıwı. Nókis, «Qaraqalpaqstan», 1979.

5.Berdimurat E, Pirniyazov K. Orta mekteplerde qaraqalpaq tilin oqıtıw metodikasıNókis, 1988.

6. Berdimuratov E., Dawletov A. Qaraqalpaq tili. 10-11-klasslar ushın sabaqlıq. Nókis, 2000.

7. Ǵulomov A.K. Ona tilinıwqitish printsiplarıva metodlari, Toshkent, 1992.

8. Ǵulomov A., Ne`matov I. Wzbek tilinıwqitish metodikasi. Toshkent, 2001.

9. Dáwletov A., Dáwletov M., Qudaybergenov M. Házirgıqaraqalpaq ádebiy tili. Morfemika. Morfonologiya. Sóz jasalıw. Morfologiya. JOO ushın sabaqlıq. Nókis, 2010.

10. Embergenov U. Murtazaeva G. Qaraqalpaq tilı sintaksisiniń ayırım temaların oqıtıw usılları. Nókis, NMPI kishı baspaxanası, 2012.

11. Embergenov U. Qaraqalpaq tilindegı gáptiń ekinshı dárejelı aǵzaların oqıtıw usılları. NMPI kishı baspaxanası. 2012.

12. Isabaev A. Qazaq tilin oqıtıu metodikası. Tashkent, 2003.

13. Qıdırbaev A. Qaraqalpaq til biliminiń geypara máseleleri. Nókis, 1977.

14. Qudaybergenov M. Qaraqalpaq tiliniń morfemikası. Nókis, 2009.

15. Qutlımuratov B., Kenjebaeva T. Qaraqalpaq tilımorfologiyasın oqıtıw usılları. Nókis, «Bilim», 1996.

16. Mámbetnazarova G. I.Yusupov qosıqlarında dórendı atawıshlardıń sttl`lik qollanılıwı. Nókis, 1994.

17. Nasırov D.S.Qaraqalpaq tilinde kelbetlik feyil. 1964.

18. Paxratdinov Q., Seytnazarova I. Qaraqalpaq tilindegı sóz jasawshı affiksler. Nókis, 2009.

19.Pirniyazova A. Qaraqalpaq tilindegı omonim affiksler. Nókis, 2012

20 Patullaeva G. Qaraqalpaq tilindegı sózlerdiń morfemalıq qurılısı(oqıw qollanba). Tashkent, «Fan», 2007.

21. Pirniyazova A.Qaraqalpaq tilin pedagogikalıq texnologiya tiykarında oqıtıw. Nókis, NMPIkishıbaspaxanası. 2009.

22. Pirniyazova A., Shınnazarova S. Házirgı qaraqalpaq ádebiy tilı (leksikologiya) pánin oqıtıwda interaktiv usıllardan paydalanıw. Tashkent, «Bayoz», 2014.

23.Twxliev va boshqalar Wzbek tilinıwqitish. Toshkent, 2006.

24. Házirgı qaraqalpaq tili. Morfologiya. Nókis,1974.

25. Házirgı qaraqalpaq tili. Morfologiya. Nókis,1981.

26.Yusupova B. I.Yusupov shıǵarmaları tilinde kelbetliktiń stli`lik xızmetleri. Tashkent, «Tafakkur qanoti», 2014.